

REGIPIOEN LENGGANAN  
SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . . f 6,—	} njoewoen ka-
1/2 " . . . . . f 3,—	
3 woelan . . . . . f 1,50	} bajar roemijin.
Kénging mbajar saben woelan	

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . . f 36,—
1/2 " . . . . . f 18,65.
1/4 " . . . . . 9,75.
1/8 " . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen : saben 1 cm <sup>2</sup> . . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1,—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrésipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja

### SAKING RADJA DATENG PRESIDENT. DEMOCRATIE LAN DICTATUUR

*Kaserat gandèng kalijan lénggari-  
poen Praboe Alfons XIII saking  
Sepanjol.*

Swara Tama minggoe kapengker lan inggih Sw. T. dinten poenika, (kaseboet ing kabar Mantja nagari) njarisaken lalampahan penting ingkang doemados ing nagari Sepanjol.

Temenipoen Sri Nata Sepanjol dèrèng angeloengaken nagarinipoen dateng kanta republik. Anggènipoen dengkar saking Sepanjol, poenika namoeng anjingkiri galagat ingkang boten saé. Amekani sampoen ngantos retoening pradja kaladjeng-ladjeng. Éwadéné sanadjan makatena, saben tiyang mangertos sapinten raméning perangiwen parté repoeblik. Sarta nitik kawontenan sapoenika, semoe-semoenipoen golongan repoeblik ingkang oenggoel ing joeda.

Boewenganing djagad tansah moebeng. Semanten oegi pikiraning manoenisa boten naté mandeg. Tansah dipoenolir-olir ngoepados daja sarana ingkang andjalari saké-tjaning sarira pribadi, brajat, sanak sadèrèk, tanah siti woetah rahipoen poenapadéné djagad internasional. Manawi kita matitisaken babad donja, mangertos gilir goemantosing lalampahan ingkang ngèngingi barisaning titah ingkang oenggoel pijambak, inggih poen manoenisa. Roemijin tiyang sami kajoengjoen dateng papréntahaning narpati, sapoenika sami anambah papréntahaning démokrasi. Aotokrasi, absolute monarchi, sami kaanggep tjara kolot, pantespoen malebet ing moesjoem. Inggik saweg dipoenoeenggoel-oenggoelaken boten wonten sanès kadjawi tjaraning maréntah pradja modèl démokrasi.

Wiwit taoen 1923. kemoedining nagari Sepanjol tjinepeng modèl dictatuur. Inggik anjepeng oebeng ingering kemoedi dictatuur, pandjengenganipoen ingkang misoewoer ing djagad Primo de Rivera. Nanging sareng papréntahan makaten poenika boten dipoenadjengi ing ngakatah, Primo de Rivera ladjeng selèh. Parté kawoela ladjeng noempang wonten nginggil.

Inggik djaman kinanipoen nagari Sepanjol pinaréntah ing narpati. Margi derenging kawoela, sinangkan sarana reresah, kraman lss., ing taoen 1873 angleresi tanggal 11 Februari, Sepanjol dados republik. Kala semanten ingkang dados president-ipoen tw. Figueras. Nanging republik poenika waoe boten dangoe oemoeripoen, kinten kinten namoeng sadasa woelan. Bibrahing republik Sepanjol, ingkang kawitan waoe kala 3 Dja-noewari 1874.

Sabakdanipoen poenika, bangbang pangaloem-aloeming nagari katjepeng ing parté militèr. Kala semanten ébah-ébahang angwontenaken narpati ladjeng djoemedoel, wasan-nanipoen saèstoe kalampahan. Kala Djanoeuari 1875, Alfonso XII, kadjoemenengaken nata ing Sepanjol. Sang Praboe Alfons XII, séda kala 25 Nov. 1885. Kala sédanipoen Alfonso XII, nilar poeta poetri kalih, saha poeta ingkang taksih wonten goewa garbanipoen pramésuari Maria Christina. Pramésuari poenika kala 17 Mei 1886, ambabaraken poeta kakoeng ingkang kala 17 Mei 1902, kadjoemenengaken Nata Sepanjol, djedjoeloek Alfons XIII; dados inggih Nata ingkang sapoenika lénggar saking nagari Sepanjol.

Makaten ringkesaning babad radja niti ing Sepanjol.

Manawi kita soemerep minggah moedoening garis-garis babad kabangsan Sepanjol ing nginggil poenika, kita ladjeng mangertos pantjèn boten gampil angrangkani bangsa Sepanjol. Inggik makaten waoe inggih boten anggoemaken, awit aloening modernisme ingkang anedya angleboer kolotisme boten nama baèn-baèn, saèstoe ageng daja kekijatanipoen, sarta inggih

boten kirang parigel lan tarampil anggènipoen angetrapaken dajasrana toewin ihtijar warni-warni. Nitik kawontenan ing nginggil, inggih boten saged tiyang badé mastèkaken oetawi nanggal bilih republik pangaran-aran ing Sepanjol wedalan taoen 1931 poenika badé lana adegipoen.

Sadèrèngipoen wonten lalampahan lénggaripoen Sri Nata Sepanjol Alfons XIII kala minggoe kapengker, semoe-semoenipoen tetijang katah sami angadjengi papréntahan Sepanjol kadamelaja modèl démokrasi tjara Parangakik. Déné golongan militèr katah ingkang remen modèl dictatuur. Sarta para kaom berah radikal ing Barcelona lan kiwa tengenipoen sadjak-sadjakipoen kasawaban daja kominis. Mila inggih remen menawi Sepanjol pinaréntah mawi tjara kominis.

Perangiwen tjara maréntah tiyang warni poenika, boten namoeng pinanggih ing nagari Sepanjol. Sadèrèngipoen perang donja, ing djagad poenika tjaraning maréntah kénging kapérang dados kalih warni ingkang ageng, inggih poenika: monarchien lan republieken. Kala semanten modèl repoeblik poenika namoeng pinanggih ing Zwitserland (wiwit taoen 1591); Parangakik kala taoen 1870 lan nagari Portegal ingkang kala taoen 1910 anoendoeng ratoenipoen. Kala semanten, toemrap sadjawining Éropa, ingkang migoenakaken tjaraning maréntah modèl répoeblik, i. p. ing Vereenigde Staten van Noord Amerika kala taoen 1776; Latijnsche Amerika taoen 1811; lan tanah Tiongkok wiwit taoen 1911.

Kadjawi ing nginggil, taksih wonten republiek alit-alit oepami kita Hamburg, Bremen, Luebeck ing pradja Djerman. Margi dajanipoen Sovjet Uni, nagari Finland, Estland, Letland, Lithauen, lan Polen inggih sami migoenakaken tjara repoeblik. Ing Oostenrijk tetijangipoen inggih toemjoeng dateng tjara repoeblik, ngantos andjalari toewoehipoen rep. Czecho Slovakije toewin Hongarije. Djerman dala pradja alit-alit salebetipoen tanah Deutschland inggih anoetoedi dados repoeblik. Semanten oegi Griekenland inggih boten poeroen kantoen.

Dados, pradja ingkang gadah rateo namoeng kantoen Inggris, Itali, Joegoslawie, Roemeniè, Bulgarije, Nederland, Belgi lan nagari tetiga ing Sekandinawi. Nanging tjaraning maréntah nagari ingkang taksih gadah rateo waoe inggih sampoen béda tinimbang tjara papréntahan narpati ing djaman kina.

Nanging, temenipoen kémawon wekdal sapoenika bédanipoen papréntahan republiek kalijan monarchie, sasat boten wonten; boten katawis tjeta kados djaman roemijin. Margi makaten waoe, wonten ingkang amastani: „tjaraning maréntah ing djaman anjar iki moeng ana warna loro, jaikoe démokrasi lan dictatuur.“

Sapoenika, poenapa bédanipoen papréntahan démokrasi kalijan dictatuur?  
Démokrasi poenika tjaraning maréntah ingkang babar pisan pitados dateng parlement; dados: tjampoeing parté - parté poelitik, débat mardika, pilihan saben tiyang, sarta mardikaning pers. (De democratie geloofst geheel en al in een parlementairen regeeringsvorm, n.l. een rotatie van politieke partijen, open en vrije debatten, en een algemeen kiesrecht benevens vrije pers.)

Tjaraning maréntah kados makaten waoe, oepami ing Nederland, Amérika, Parangakik, Djerman, Inggris, Zwitserland, Belgie, Czecho Slovakije, lerland, lan pradja-pradja ing Scandinavie.

Déné dictatuur poenika boten pitados dateng parlement. Parlement, toemrap golongan poenika, kawastanan boten mikantoekekaken poenapapoenapa. Sami kémawon kalijan papan komidi omong, papan banjak bitjara nanging sedikit bekerdja. Dictatuur pitados dateng satoengiling tiyang, oetawi golongan (groep) ingkang saged andjalari tetijang ladjeng temen-temen mbangoen toeroet, sarana aksinipoen ingkang kedah katindakaken. Tjara makaten poenika, katah toemeloengipoen dateng militairisme, sarta sanget anengenaken dateng nasionalisme. Temboeng fascisme ingkang roemijinipoen namoeng toemindak ing Itali, sapoenikanipoen ladjeng anggadah teges: ébah-ébahang anti démokrasi.

Nagari-nagari ingkang pinaréntah tjara dictatuur, i. p. Itali, Hon-

garije, Toerki, Polen, Yoego Slaviè, lan Sepanjol sadèrèngipoen dados republiek ingkang kala minggoe kapengker poenika.

Inggik Djerman lan Parangakik inggih wonten golongan alit-alit ingkang neda soewakipoen démokrasi.

Wonten ingkang anggagapi, ébah-ébahang fascisme poenika pinangkanipoen boten saking Itali, nanging saking Amerika, amirid tradjangipoen pakempalan Klu Klux Klan. Pakempalan poenika tradjangipoen: kebangsan bledjet, sarta 100% anti buitenlandsch.

Kanggènipoen djaman sapoenika, tetijang sami gadah panganggep: tjaraning maréntah pradja ingkang saé inggih poenika tjara démokrasi. Nanging poenika inggih boten ateges, amaréntah tjara dictatuur oetawi Fascisme poenika mesti awon.

A. S. D.

## PRADJA RAHAJOE.

NGÈLMOE RASA.

Dèrèng lami koela dateng Poerworedjo. Sarèhning kala semanten sampoen ragi sijang, mangka éndjingipoen dèrèng wédangan, koela kapeksa kèndel wonten panggénang gerdoe ès (ijs depot) perloe toemas ès setroep. Inggik sadé ès waoe bangsa Tjina, é nas! bangsa Tionghoa. Kala semanten ing ngrikoe wonten sadèrèk Tionghoa oegi satoenggil sandja ing ngrikoe, datengipoen langkoeng roemijin tinimbang koela. Inggik dipoenrembag sadjakipoen angèling anggènipoen pados jatra.

Tionghoa sadé ès: „Wah saiki meola angèl wong golèk pangan, apa ta djalarané?“

Tionghoa sandja: „Saploké éntong digawa ngalor-ngidoel ki kok wong golèk pangan angèl temen. Karo mbok wong koewi nganggo-anggo ki sing moerwat waé, wong éntong dianggo tjoeudoek.“

Koela woenipoen dèrèng ngertos ingkang dipoenwastani éntong, sareng mawi temboeng tjoeudoek, lah poenika koela saweg ngertos, bilih éntong waoe kadjengipoen soesoek kondé djenangan ingkang kados kepet poenika.

Tionghoa mandé mangsoeli: „Ja saploké lesoeng ditaboehi ngalor-ngidoel koewi“, ngalamaté wong désa wis pada ora noetoe pari.“

Mila njata sapoenika sareng Koetordjo wonten pabrik wos, pantoen awis-awis ingkang dipoenotoe (gentang) pijambak, bakda panèn deng, teroes goemlèdèg kabekta dateng pabrik wos, katah ingkang dèrèng minggah ngloemboeng. Anggènipoen kasesa poenika djalaran selak kanggé njaoer samboetan. Sawenèh tiyang doesoen kala pantoenipoen mratak sami njamboet dateng Tionghoa. Inggik kanggé djaji panénan lan dom-doman kebon rosan. Woesana dom-doman

\* ketoprak.

katah ingkang boten tampi. Koela takèn éntangipoen ing dalem 1 beroek dipoenregèni kawan ketip gangsal sèn. Lebar panèn, sadé pijambak saberoekipoen namoeng seketip, malah jèn taksih woeloeh angsal tigang bénggol. Jèn kasadé pantoen koela takèn dateng tiyang ingkang mentas sadé, nomer satoenggal f 2,70 doemoegi ingkang asor pijambak 1 datjin f 1,70, tjarijosipoen sapoenika medak malih. Semanten waoe sampoen doemoegi pabrik. Dados éntangipoen taksih kalong malih berahan pambektanipoen.

O, mesakaké wong boeroeh, pidjer ketekoek-tekoek. Sing pinter pidjer arep mblinger.

Koela mila asring ngoenandika: „Moela saploké ana batikan pari kesit, ki kok pari kesit temenan, angger mentas panèn, pari pada mlajoe irit-iritan menjang pabrik. (Jah mèloe-mèloe ngèlmoe rasa). Sigeg!“

Sareng rampoeng anggèn koela toemas ès wonten margi koela kepetoe tilas moerid koela ingkang mentas mantoek saking Médan toemoet kontrak, bokmanawi dipoenantoekekaken. Koela kèndel takèn: „Lo kowé kok moelih?“

Laré: „Inggih.“

Koela: „Bajarmoe anang kana pira?“

Laré: „Namoeng tigang dasa.“

Koela: „Wah, ja akèh. Mestiné sedeng dianggo mangan ta.“

Laré: „Pangèstoenipoen inggih tjekap.“

Koela: „Hara, pendak tanggal sidi soré (bakda blandjan) bajarmoe kari pira?“

Laré: „Kantoen sepalih kémawon sampoen begdja.“

Koela: „Lo, la nèk tanggal 2 soré, kari pira?“

Laré: „Adatipoen kantoen saprasakawan.“

Koela: „Elo, la nèk tanggal 3 soré, kari pira?“

Laré: „Adatipoen mesti sampoen telas.“

ISIN IPOEN.

LEMBARAN I.

Saking djagad dateng enz. — Ngèlmoe rasa — Oetoesanipoen dèwi Pretimah enz. — Djaman mièsèt — Goentingan pers — Saking pakempalan — Saking Djepang — Pangandikanipoen enz. — Ontjèn sekar gambir Melati — Oerap - sari.

LEMBARAN II.

Djagad Wanita — Indonesia lan Onderwijs — Ing sapoetjaking panggoeng Ekonomi — Rajat Indonesia — Kok ngembang patjé — Goeroe doesoen Missie Solo — Amérika Sarékak — Saking Betawi — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Kètèl National.

Kètèl National! Saben tiyang mangertos, kètèl poenika poenapa. Lan, national saben iroeng inggih mangertos.

Kètèl National! Sampoen wiwit taoen kapengker, Bintang Timor er damel propaganda soepados Indonesier angantjalana watak „Mentalité d' Esclave“ inggih watak remen mbatoer oetawi tabiat boedak. Kadjengipoen Bintang Timoer, soepados sadaja pandamelan oetawi jajasan poenika kamangsaka „ing Kètèl Kabangsan“, tegespoen tinandangana tiyang ngriki pijambak, dipoenbaoni Indonesièrs pijambak. Dados pangangkahipoen: sageda katah toko-toko Indonesièr, pabrik tjap Indonesia, waroeng gadahanipoen Indonesièr. Dados boten kados kawontenan ing sapoenika poenapa-poenapa Indonesier namoeng dados gedibal. Saweg ingkang nama sadé bakmi kémawon, Indonesièripoen dados toekang mi-koel, bangsa sanès dados djoeraganipoen. Bangsa mantja sami angedegaken toko ageng, Indonesièripoen trimah dados koelinipoen, njengka-njengkanipoen dados djoeroe serat, mandor, boekhouder lss. ingkang boten angitjalaken sisipatanipoen dados batoer.

Aksi makaten poenika, nama saé, pantes katindakaken ing sadéngah Indonesièr ingkang mangertos kawadjanipoen dateng bangsa lan siti woetah rahipoen. Indonesier golongan poenika, sampoen mesti kémawon prihatos manawi soemerep kawontenan ing kita-kita. Sinten ingkang gadah toko ageng-ageng andjenggarang ing saeroeting margi ageng? Sinten . . . ? Sinten . . . ? Sinten . . . ? Sss.

Jèn badé angsal damel, aksi poenika boten namoeng tjoeutel wonten ing jakin, kepéngin lan prihatos ingkang woosanipoen awoedjoed mendeke mangkel tanpa kasil, malah mitoenani ageng ing ngagesang; nanging kedah andajani ing tandang. Kedah noewoehaken réka-réka ijasa, njantosaken oetawi njakèken ijasan ingkang sampoen wonten. Ngoedi soepados saged ngembaripendamelan mantja.

Inggik djaman ngoedi kamoeljaning bangsa ing samangké poenika, pantes sanget aksi Kètèl National waoe saged soemrambah ing poendi? Lan pantjènipoen kedah sampoen katindakaken wiwit kala roemijin mila.

Kètèl National ingkang ateges oegi nresnani jajasaning bangsa, dados oegi mengko nresnani jajasaning golongan, poenika ageng sanget pigoenanipoen.

Wiwit taoen 1931 poenika, koela ngadjeng - adjeng sanget soepados wandawa Katoelik Djawi saja ageng katresnanipoen dateng jajasaning golonganipoen pijambak. Saja mangertos dateng Kètèl National.

Kita sampoen gadah koran pijambak, poenapa preloenipoen kita mladjeng - mladjeng angengaken koran sanèsipoen? Poenapa arta ingkang mlebet ing kantonging sanès waoe, boten saged kita anggè njakèken koran kita pijambak? Kita oepami sampoen gadah toekang penatoe Katoelik, . . . poenapa preloenipoen koela njerikakaken dateng toekang penatoe sanès? Koela sampoen gadah . . . Katoelik, poenapa preloenipoen . . . enz . . .

### EXAMEN NGLIBETI NORMAALSCHOOL

MOENTILAN.

Béndjing tanggal 21 lan 22 Mei.

Kasèp - kasèpipoen saminggoe sadèrèngipoen examen, para mantri goeroe angintoenna pratélaning moerid ingkang badé nglebeti, njeboetaken nama kanti djangkep, bidji, kalakoean.

Normaalschool Moentilan boten mendet moerid saking Kaboepatèn Temanggoeng, Karésidénan Semarang, Solo, sapangétan. Moerid - moerid saking panggénang waoe kénging nglebeti Normaalschool Ambarawa.

Dirèktoer Normaalschool Moentilan.

Manawi kita ageng sangetkatresnan kita dateng jajasaning golongan, koela tanggel jajasane Katoelik mestri badé soeboer. Kita anggènipoen ngambah pergerakan, nitik oemoeripoen Sw. T. apesipoen sampoer sawelas taoen. Kénging poenapa déné saprika-saprika pers kita namoeng weekblad kados samangké? Poenapa sababipoen déné kita boten saged ngawontenaken dagblad? Boten gadah pawitan? ... O, anggoemoedjengaken wangsoelan makaten poenika! Awit, kita mager-tos wonten satoenggiling jajasane

Katoek Djawi ingkang salebetipoen sawatawas taoen sampoer gadah pawitan f 10.000. Koela mager-tos wonten Katoelik Djawi saged angedegakentaxidernemning ageng. Wonten tjang Katoelik Djawi ingkang saged anjadèni wos dateng poendi-poendi. Poenapa poenika, boekti manawi kita boten saged ngawontenaken pawitan kanggé ngedegaken dagblad. ?

Sadèrèk! Soerja sampoer inggil! Dipoentanggap ing sasmita!  
*Prendjak Mataram.*

# SAKING PAKEMPALAN.

**W. K. SOLO.**  
Kala tanggal 16 April 1931 W. K. Solo ngawontenaken paretapan warga manggèng wonten ing vergaderzaal ngadjeng Koesoemajoejan kawiwitan djam 5,30 sonten. Ingkang rawoeh wonten sadèrèk 30, ingkang kintoen swanten 4, oetoesan K.W. I. Déné pandjenenganipoen Rama Pampara oegi boten kantoen. Ingkang kabarembag:

1. Pamboeka.
2. Maos notulen, kaanggep absah.
3. Pakabarane Ngrembag serat saking P. W. K. bab oeroen Conggrès P. W. K. lan oeroenan saben woelanipoen dateng P. W. K. Para waga sadja roedjoek.
4. Verslag saking oetoesan P. W. K. Kapendit ingkang perloe-perloe kémawon inggih poenika bab: oesoel - oesoel ingkang sampoer karoedjoeaken. Sadaja pinanggih saé, nanging dèrèng sadaja kénging katindakaken kabekta saking papan lan l.s.p. Ingkang saged kita tindakaken:
  - a. Bab mitoeologi sadèrèk ingkang badé agami.
  - b. Bab medalipoen W.K. Solo saking P.P.I.I. awit kita sapoenika nama tjabang.
  - c. Matjak verslag wonten ing Swara-Tama.
  - d. Oeroen karangan saben woelanipoen (kaangkah sagedipoen).
  - e. Bab sandangan penganggèning laré alit-alit.
  - f. Wontenipoen Maria Congregatie.

Wiwit poenika saéning pakempalan Congregatie poenika sanès nama sabèning pakempalan, mila kedah kita gatosaken saestoe.  
Wiwit poenika para warga ladjeng njoewoen lan R. H. Koch inggih mirajoeaken wontenipoen woetjalan agami ing saben minggu oetawi 2 minggu sapisan kanggé tjalan warga Maria-Congregatie. Bab „Kinderdeeling” kita dèrèng saged ngedegaken, kabekta saking sakedik saha angeling toemindakipoen.  
Bakda poenika, panitra neresaken rembag - rembagipoen, margi gegandèngan lan mentas madegipoen B. P. (Badan Perantaraan P.P.I.I.) lan ngrembag oegi badé wontenipoen Congres P.P.I.I. ing Solo, panitra nggjjaraken sadaja pedamelan ingkang tjalan linampahan poenika, moerih dadosa pengalihngipoen para warga, saha boten kedjot, samangsa wonten panjoe-woenan dana oetawi baee ing samestipoen. Temtoewoen badé boten sakedik padamelan ingkang kedah katindakaken. Para warga sami soeka ing pangalih déné sampoer saged mireng poenika.  
Sadèrèngipoen paretapan katoetoe Pan-grèh nampi warga énggal sawatawis kanggé P. A. ; kadjawi poenika W. K. oegi nampi warga énggal 6. Kita ngatoeraken sanget ing panoeowen!  
6. Wanti djam satengah woloe paretapan katoetoe karti ngloehoeraken Asma Dalem.  
*Verslaggeefster.  
Th. Albi.*

**PAHARGJAN TAOENAN R. K. D. B.**  
Sadèrèngipoen R.K.D.B. ngwontenaken pista taenan, kados ingkang sampoer naté kabarembag wonten ing madyaning taman Soeara-Katholiek no. 9 tanggal 30 Maart 1931.  
R. K. D. B. temtoe ngawontenaken Tri-

Koela: „Elo (malih) la sing kopangan wiwit tanggal 4 tekan abis boelan apa?”  
Laré: „Inggih ngebon. Jèn betah jatra inggih njamboet.”  
Koela: „Dadi jèn ngono kowé koe-wi kaleboe begdja, doeroeng bisa étoeng wis bajar f 30. Pantjèné bajar f 30 koe-wi, saben tanggal 1 kari f 29, tanggal 2 kari f 28, tanggal 3 kari f 27 sabandjoeré.”  
Laré: „Inggih teorinipoen mila makaten, déné praktikipoen bokmanawi sadaja kados koela.”  
Koela: „Hoes, adja moeni sadaja, moenia katah sanget ngono.”  
**D. S. TEONEOW.**  
Bagelèn.

duum (drie-daagsche oefening). Pambikaan Triduum doemawah ing dinten malem Djoemoeh tanggal 9/10 April 1931 doemoegi malem Minggu tanggal 11/12 April 1931 (tigang sonten).

Wradin-wradin ingkang ndèrèk Triduum saben sontenipoen kirang langkoeng sadèrèk Katholiek Djawi katoek poetri 35. Ingkang paring piwoelang Soetji salebetipoen Triduum waoe, pandjenenganipoen rama Sträter saking Ngajogja.  
Ing dinten Minggu éndjing tanggal 12 April 1931 djam 7,30 minangka panoe-toeping Triduum, dipoenwonteni koerban Mis Soetji wonten ing Grèdja Kramat. Ingkang ngandjoeaken Koerban Mis Soetji, dalasan ingkang paring piwoelang Soetji (preek) oegi pandjenenganipoen rama Sträter. Sadèrèk Katholiek Djawi ingkang ndèrèk koerban Mis Soetji kirang langkoeng 45. Déné ingkang ngadosi Mis (Misdien) sadèrèk Djawi, sadèrèk poetri sami toemtoe manjanti wonten ing koor. Salebetipoen Mis Soetji, nampi algemeene Communie.

Sabibaripoen Mis Soetji para sadèrèk Katholiek kaseboet, ladjeng sami klem-pakan wonten ing gedong Pastoeran Kramat, ingkang pinadjang-padjang sarwa adi pèni. Wonten ing ngrikoe dipoenwonteni kemboel sarapan (gemeenschappelijk ontbijt). Padoeka rama pastoor Sträter boten kantoen, sarta mbikak pakempalan kanti adat Katholiek.

Pangarsa ngatoeraken soegeng rawoeh doemateng para tamoe, ladjeng kasambetan manjanti (lagoe Walandi-Roomsche-Bijdschap), déning para sadèrèk Siswa ing R. K. A. M. S.

Sadèrèk Hardono (E. Wadjib Hardosé-wojo) sesorah pandjang lan terang (basnipoen Waland; voor 't algemeene-belang der R. K. D. B.). Sasampoenipoen andrawina, minangka panoe-toeop, sadèrèk poetri manjanti lagoe Walandi ladjeng sembahjang Sembah bekti. Sasampoenipoen poenika sadaja sadèrèk dipoenpotret, ladjeng bibaran.

Dinten Minggu kaseboet ing ngadjeng, wanti djam 6,30 sonten, pahargjan taenan R. K. D. B. kabikak déning pangarsa. Tamoe ingkang rawoeh goenggoeng wonten 54. Tetamoe agoeng (para Imam). Padoeka Pastoor Wubbe (Provicaris saha Consulor ing Kathedraal); padoeka Pastoor Dr. Jos. Kurris lan Drs. Dopheide, ing Menteng; padoeka Pastoor B. Schneider ing Mr. -Cornelis; padoeka Pastoor Beekman, padoeka Pastoor Directeur Vincentiusgesticht ing Kramat, toewin padoeka Rama Sträter ing Ngajogja.

Kedjawi poenika wonten tamoe tiga oetoesan saking K. J. B. afd. I—II ing Batavia - Centrum.  
Djam 9 sonten pahargjan katoetoe déning pangarsa, awit sampoer doemoegi kanti marem toer boten koetjawa. Wondéné bebaten margi pahargjan, inggih poenika, sadèrèk Katholiek Djawi ingkang soewoewoenipoen boten naté sesrawoengan ladjeng saged pinanggih wonten ing salebeting pahargjan ngrikoe, toer ladjeng mawi karsa dados warga R. K. D. B.

Crescat, ploreat!  
Jacatra 17 April 1931.  
*Radèn Ph. Baskool Djojomangoenpati.*

## OETOESANIPOEN DÉWI PRETIMAH ING MERAPI.

Dèrèng danoge poenika ing doesoèn Kangkoengan, district Salam, kadatangan oetoesanipoen dw. Pre-timah ing Merapi. Oetoesan waoe ingkang kadjoedjoe panggènanipoen kabajan ing doesoèn ngrikoe. Sasampoenipoen pinanggih dateng kabajan, oetoesan ladjeng ngliaraken ingkang dados kemandetnipoen, i. p. :  
1e. nrijosaken menawi dados oetoesanipoen dw. Pretimah ing Merapi; 2e. soeka kabar bilih béndjing dinten anoe, woelan anoe, dw. Pretimah ing Merapi badé ngwontenaken arak-arakan malih ageng-agengan; 3e. nrijosi bilih loerah-

loerah lan tjang-tjang ingkang sampoer sami pedjah margi lahar, poenika sapoenika wonten ing Merapi sampoer sami dipoenpatrapi padamelan ing sapantesipoen.

Kebahan lan tjang-tjang ingkang sami mirengaken sesorahing oetoesan, sami gawok kaworan miris. Sampoenging sesorah, oetoesan ladjeng djawab neda arta dateng kabajan, nanging kapinoedjon kebajan dong kespèng arta; milanipoen kanti adrih oetoesan kairid dateng kaloe-rahan ngiras badé njamboet arta. Loerah ingrikoe dipoendatengi oetoesan saking Merapi, toewin dipoentrijosi lèlampahan ingkang badé ndatengi, katingal goegoep sadjak adrih, nanging rehning roemaos dados sesepoehing doesoèn, nadyan kanti manah boten sakétja, meksa éngèng lan netepi dateng koe-wadjanipoen, i. p. lapoe dateng Kawedanan Salam. — Oetoesan ladjeng kairid dateng Kawedanan.  
Wonten ing Kawedanan oetoesan badé pratingkah kados wonten ing doesoèn kaseboet, nanging ingkang Wadana boten gigrig, mandar oetoesan ladjeng dipoensentak, noenten, mberet, njloeroet, poeroen linggih wonten ing djoebin; soewa-oe badé drodjog-drodjog wonten ing koersi, sarta boten poeroen nganggé temboeng krama.

Ingkang Wedana ndangoe, nde-des amrih pasadja lan barès, ing poendi menggah asal-asalipoen, sarta sinten tjang sepoeah lan sadèrèkipoen, Oetoesan mangsoeli bilih boten gadah bapa-bijoeng, sanak-sadèrèk sarta kadang-karoeh; dèrèng naté dados laré alit, wiwit roemijin inggih dijleg semanten poenika (± oemoer 20 taenan). Pikantoe wangsoelan ingkang kados makaten poenika, ingkang Wedana boten goemoen, babar pisan boten pitados, malah oetoesan menawi boten poeroen walèh sawantahipoen, badé dipoen-

**VAN LITH-STICHTING.**

JEJASAN ÉNGGAL  
POENIKA  
sagedipoen madjeng  
goemantoeng  
„PANDJENENGAN”  
SADAJA.

← →

Peningmeester V. L. S.  
2e. Convict  
Moentilan N. I. S.

oendangaken Veldpolitie kapoerih nggebagi.

Rèhning oetoesan waoe sedjatosipoen laré doesoèn 100%<sup>0</sup>, ingkang sadjak oegi dèrèng naté mambet pasinaon, mila sampoer samestipoen sareng mireng temboeng Veldpolitie, ladjeng katingal nggragap, wasana mantoer blaka, i. p. :  
Namanipoen Panoet, saking doesoèn Kalangan (onder district Moengkid), bapakipoen nama Kartapawira, sadèrèkipoen èstri wonten ingkang toemtoe Tiong Hoa. Oetoesan ladjeng katahan.  
Ing djaman kisroeh, kasangsaran, langkoeng - langkoeng, jèn kawewahan mawi malaise, kedah ngatosatos sanget; sampoer ngantos kebloesoek! Goegon-toehon tjeta kedah kaprapas! Mangga ingkang sampoer jakin, noelarna dateng tangga tepalih, ingkang dèrèng mangertos dateng kotonging goegon-toehon; maringana pitedah!  
Tp. 20 April 1931.  
**SALAMHARDJA.**

## PANGANDIKANIPOEN PARA KANGDJENG SANTO BAPA.

*Ingatasipoen Pradja-nagari (de Staat).*

**K. S. Bapa Pius IX** sampoer moetoes, **nganggep panasaran** dateng oeng-el-oengelan ing ngandap poenika:

1. Pradja-nagara poenika sarèhné asal sarta toeking sadaja wewenang, mila nggadahi wewenang ingkang boten kénging winatesan.  
(Allocutio: Maxima quidem 9 Djoeni 1862—Syllabus § VI. no. XXXIX).
2. Piwoelanging Pasamoewan Soetji soelaja kalijan karahajon lan kabethahanipoen tetijang ing salebeting Pradja-nagari.  
(Encycliek: Qui pluribus 9 Nov. 1846—Syllabus § VI. no. XL.)
3. Jèn anggeripoen poenggawa kekalih (inggih poenika Pasamoewan Soetji lan Pradja-nagari) sami pasoelajan, anggering Pradja-nagari kadamel menang.  
(Nawala Apostolik Ad Apostolicae 22 Agoesto 1851—Syllabus § VI. no. XLII.)
4. Tijang kénging mbangkang dateng ratoenipoen ingkang absah sarta malah kénging ngraman.

(Encycliek Qui pluribus 9 Nov. 1846—Syllabus § VII. no. LXIII.)  
**K. S. Bapa Martinus V** sampoer moetoes, **nganggep panasaran** dateng oeng-el-oengelan poenika:  
Sampoer dédè pangageng Pradja-nagari, dédè prelaat, dédè biskop, jèn kadoenagan dosa ageng.  
(Decreta Martini V ao 1418: Bull. Rom. t. IV edit. Taurinensis).

**K. S. Bapa Alexander VII** kala taoen 1667 sampoer moetoes, **nganggep panasaran** dateng oeng-el-oengelan poenika:  
Kawoela-alit boten dosa, dalasan jèn tanpa sabab ingkang absah, boten nganggep dateng angger-ingkang sampoer kadawoehaken déning Sang Praboe.  
(Bull. Rom. editio Taurinensis t. XVII. p. 389; propositio XXVIII.)  
Pengeg. Ing nginggil poenika piwoelangipoen Pasamoewan Soetji, ingkang kanggé antjer-antjer toemrap wandawa Katoelik. Sarèhné oengel-oengelan ing nginggil poenika waoe sadaja panasaran, mila kosok-wangsoelipoen, ingkang djan piwoelangipoen Pasamoewan Soetji.

**NGLEBETI NORMAALSCHOOL.**

Ngatoeri pirsia bilih: „Toelatingsexamen” kanggé Normaalschool èstri ing Ambarawa béndjing tanggal 28 lan 29 Mèi 1931. Sinten ingkang badé nglebeti, kénging njipeng wonten ing Zusteran.

**Meisjes - Normalschool.  
ZUSTERS FRANCISCANESSEN.**

## DJAMAN MLÈSÈD.

Ing serat kabar poenapa kémawon sami ngemot djaman mlèsèd, (malaise). Mila inggih mekaten; langkoeng - langkoeng kanggé sadèrèk koekoeban Merapi ingkang nembé kalaharan, saja anggènipoen mlèsèd-mlèsèd.

Wah kesangeten anggènipoen awis arta sadèrèk; menawi artanipoen ngaten inggih taksih adjeg, isèn inggih takih isèn, namoeng padosipoen ingkang rekaos; panjerat mireng sambat seboetipoen tjang sadéjan kados tjala-pita margi 1e. kirang pepadanganipoen 2e. rakaos padosipoen bati, sampoer temtoe kémawon kirang pepadanganipoen inggih anglè padosipoen bati, 3e. kanggènipoen kita ingkang sampoer katredjang Gemeente saja kesoekeh malih ngraosaken, margi saking awrating wragad wonten peken; kados déné séwan bango (sapon); margi peken saja saé-saé atoeranipoen; ndjalari katahing wragadipoen; dateng poendi padosipoen pepoelih, inggih srana nginggihaken séwan-séwan bango oet. sapon<sup>2</sup>; la mangka kanggènipoen tjang sesadéjan roemaos boten wonten kandinanipoen pepadangan; dados inggih mëmper menawi sami ang-gresoela ngraosaken indaking wragad wonten peken. Menawi pinoe-djoe panènan, ngadjengaken bakda (wiwit Sijam tanggal sepoeh bakoel-bakoel boten patos kraos awratipoen, margi anggènipoen sesadéjan rasi loemajan pepadanganipoen); (ragi laris), kosok-wangsoel sanget kalijan menawi pinoe-djoe patjeklik, saja sapoenika djaman mlèsèd; wah répot sanget.

Ingkang poenika moegi dadosa pengalihngipoen para wadjab; lan koela atoeri midangetaken dateng pesambatipoen para bakoel ing peken<sup>2</sup>, langkoeng-langkoeng ing koekoeban Gemeente; menawi boten kapenggali saestoe saged oegi dados moendoer oetawi pedjahing peken; kanggé tjonto malih: pa-

doenaganing panjerat wonten peken-peken ingkang boten patos tebih létipoen. Peken ingkang satoenggaling sampoer dipoensaé-saé; ingkang satoenggaling dèrèng; peken ingkang saé temtoe kémawon saponipoen langkoeng awis; tinimbang ingkang dèrèng. Gegajoetan lan kaoting sapon oet. séwan, bakoel inggih milih dateng peken ingkang taksih awon, namoeng loemajan.  
Dangoe-dangoe peken ingkang saé mandar saja geringen, saged oegi dados lan pedjahipoen; la rak éman-éman, wis dipik-pik kok mati. Saweg poenggawanipoen kémawon sampoer katah; bajar-bajar langkoeng katah; ning pekenipoen mandar badé pedjah, boten patos wonten tjangipoen.  
Panjerat njoeloeh-njoeloehaken poenapa sababipoen kok mekaten pekenipoen (kok badé pedjah), poenapa margi bibar bakda? Kala saweg sedinten kalih dinten koela nginten inggih margi tetijang taksih sami bakdan; namoeng sapoenika meksa taksih boten wonten tjangipoen, bakoel-bakoel sami ngalih dateng ingkang langkoeng mirah saponipoen; nitik djamanipoen kados inggih mëmper bilih tjang boten patos betah saé-saénan, waton majjar.  
Samanten roemijin.  
*J. Koes.*

Koela peparabi **Radèn rara Julia Harini** anak ingkang no. 2 medal èstri nalika tanggal 12.4.1931 wonten ing Soemberlawang, baji lan tjang sepoeh sami wilodjeng.

koela  
*R. Augustinus Soetjardi  
Poerwaatmadja.*

## SAKING DJEPANG.

*Pamoelanganipoen para loehoer Djepang.*  
*Sambetipoen Sw. Tm. No. 16.*  
Piwoelanging pamoelangan ing ngrikoe poenika leerplanipoen kadamel sami kalijan pamoelangan negari. Nanging ratjakipoen ing saben taoen wonten sprasakawaning moerid sadaja ingkang boten saged minggah, tjatjahipoen ingkang taksih darah limrahipoen langkoeng katah tinimbang kalijan ingkang dédè darah. Nanging toemrap poetra-poetra dalem Sang Keizer ing sasaged-saged kadamel minggah.  
Menggah bab pirantosiipoen sinaoe koela mastani saé, malah bibliotheek ing afdeelingipoen laré djaler katah sanget boekoenipoen. Prakawis woelangan krida, djalera èstria kedah saged anggamar, njoenggiling lan manjanji. Laré djaler boten dipoenadjar naboech pirantosi moesik. Ing afdeelingipoen laré èstri manawi

njoewoen inggih kawoelangan naboech piano. Bangsanipoen njongktè lan sanès-sanèsipoen ingkang radi aloes laré-laré èstri sami boten dipoenwoelang. Kadjawi gymnastiek ing saben dinten, boten dipoenwadjabaken olah raga sanèsipoen. Tennis lan dolanan mawi bal; kénging. Bakda olah raga laré-laré èstri waoe ladjeng dateng grija padoesan ingkang mawi sentong-sentongan, laré satoenggaling angsal sentong satoenggaling, ingkang wonten pirantosiipoen kanggé siram saged mantjoer kados déné gembor makaten. (g. Dj.).  
Laré-laré èstri sanget dipoenperdi sinaoe tata krama tjara Djepang, langkoeng<sup>2</sup> ingkang magepokan kalijan lelados wédang tèh. Poenika patrapiipoen boten gampil toer dan-goe.  
Toemrap laré-laré djaler kénging dolanan bal mawi tangan lan oegi bal-balan limrah mawi soeko. Olah raga ingkang dipoenwadjabaken ing-

gih poenika: gymnastiek, lèlangèn, geloet, manah lan njendjata, poenapa malih anggar lan noemapak kapal.  
Manawi sampoer medal saking pamoelangan, laré-laré djalera, èstria sami loemebet ing pakempalan, boten mawang darah oetawi dédè darah, perloenipoen soepados saged kempal sawatawis rambahan ing dalem sawoewoenipoen. Tilas moerid èstri ngempalipoen wonten ing kamar pahargjan ing pamoelanganipoen. Déné tilas moerid djaler saben woelan sami dateng panggenan Clubipoen para loehoer perloe damel sesorah.  
Samangsa wonten moerid wedalan pamoelangan ngrikoe badé loemebet ing Universiteit, èksamenipoen inggih kadamel sami kalijan moerid wedalan pamoelangan sanès. Mestikémawon laré-laré ing pamoelanganipoen para loehoer waoe margi patepanganipoen gampil angsalipoen padamelan, boten béda kalijan ing nagari sanès, namoeng kémawon para loehoer Djepang poenika jèn katan-

ding kalijan para loehoer tanah Éropah, langkoeng loewes kempalipoen kalijan tjang dédè darah. Ingkang kados makaten poenika paking ngpok boten margi saking dajaning pamoelanganipoen.  
Poking ngpok pamoelangan waoe anggènipoen saged damel sami ing babagan gesang sociaal poenika kabekta saking anggènipoen tjang Djepang gadah raos ngaosi dateng tindak aloes ing lair. Ingkang kados makaten poenika wiwit alit sampoer katingal, ngantos dalasan doemoegi oemoer limrahipoen laré sami oegaloegalan ratjak awis ingkang katingal kaglandang ing hawanepsoe. Terkadang wontening pamoelangan ngantos pinten-pinten minggu oetawi woelan boten perloe goeroe njoekani oekoeman. Anggegoelang ngerèh badanipoen pijambak ingkang kados makaten waoe, sanadjana namoeng ing lair, nanging jèn teroes kémawon dipoentjakaken wonten ing ngadjengipoen kantja sekolah oetawi

goeroenipoen, boten sandé temtoe ladjeng toemoes dateng ing soekma.  
Ing nginggil poenika pangandikanipoen Rama Overmans. Sanadjan pandjenenganipoen Rama ngandika, bilih anggegoelang ngerèh dateng badan pijambak sarta roekoer kalijan sesaminng ngagesang ingkang sanès golongan, kados déné darah kalijan ingkang dédè darah lan sapanoenggalipoen poenika pantes katiroe ing Éropah, éwasamanten pangraos koela oegi pantes katiroe wonten ing tanah Djawi ngriki, awit ing ngriki boten kirang-kirang prijantoen ingkang roemaos lingsem manawi sesrawoengan kalijan tjang limrah, toer prakawis saged ngerèh dateng badanipoen pijambak poenika kanggé tjang Djawi ingkang katah-katah taksih kirang sanget. Nanging sasaged-saged ingkang kados makaten waoe kabekta saking batos sampoer saé, dados kabekta saking tata krama lair batos.  
*goes Djentik.*

VATICAN.

K. S. Bapa sampoen nampi tamoe Pangéran-pangéran saking tanah Wétan. Ingkang dèrèng kami: *Radja Indoe*, Seyd Jamaluddin. Boten Katoelik, nanging ambijantoe lan ngliabeti kata-kata sanget dateng misie. Mertamoenipoen waoe kadèrèkaken nèm-nèman Indoe tiga, ingkang sami badé sinaoe wonten ing Roem.

Lan kala 7 Dèsember 1930 Pangéran saking Djepan: Nobuhito Takamatsu. Sareng medal saking kedatan Vatikan, Pangéran waoe kapetoeakan sarta kapahargia ing seminarist-seminaris Djepan ingkang sami sinaoe wonten ing Collegenipoen „de Propaganda Fide." Malah kala 15 Djoeli 1921 sadèrèkipoen Pangéran waoe, asma Hiro-Hito. i.p. ingkang djoemeneng Mikado Djepan sapoenika, oegi sampoen mertamoe dateng Vatikan. Lan roemijin K. S. Bapa Gregorius XIII (1572 - 1585) oegi sampoen até nampi tamoe Pangéran Djepan tetiga.

INDONESIA.

— Institut St. Louis ing Ambarawa. Sinten ingkang miestet kita Ambarawa mesti badé soemerep Institut poenika. Djalaran ketawis sanget: mangkoe margi toer andjenggarang édi. Kita, Redaksi, tampi saking Institut waoe prospectus mawi foto-foto. Sanadjana wawit t. 1928 sampoen maged, doemoegi sapoenika kados dèrèng kesoeniepan kanti tjakap wonten ing golongan Katoelik (Weland). Institut waoe awoe-djoed Muloschool mawi internat; ingkang njepeng para pandjenganipoen Broeder, ingkang wonten ing nagari Walandi oegi gadah sekolahan internat ageng-agens Kadosepoendi warninipoen Institut poenika, jèn kita andaraken, mesti badé kepandjangan; toer mbokmanawi dèrèng maramaken. Déné atoei kita namoeng: „sroewa-sroewi pantes, saé!" Mangga njipatana pijambak kémawon! „Institut St. Louis" poenika kanggé sadèngah bangsa. Lan sapoenikanipoen ingkang sami sekolahan wonten ing ngrikoe, oegi (jam-poer bawoe: Wandi-Djawi. Sami roekoer, boten sami pasoealan). La, poenika prebanipoen raos Katoelik; boten senqit dateng bangsa ranés, nanging tresnal Geen rassenhaat, maar liefde!

Pembajaranipoen kanggé papan lan neda: f. 45, — swoelanipoen. Bajaran sekolahan, dokter, masoeh, lss, dèrèng kaéatng. — Lijer-lijeran goeroe. P. L. martosaken saking Ambarawa ingkang ambantoe dadas goeroe wonten ing R. K. Normaalschool ing Malang tjalonipoen R. M. Soeria ingkang doemoegi sapoenika dadas goeroe wonten ing N. S. Ambarawa. Déné ingkang noelihi kabariapan: B. Slamet Prawiratoena. Margi saking mangkatipoen R. M. Soeria, N. S. Ambarawa kraos ketjalaran ageng-agens. Makaten oegi K. W. Ambarawa. Nanging jèn lijeran waoe mila pantjèn kedah kelampahan, inggih namoeng kanteoer andèrèkaken soeeng ingkang pangkat; lan ngatoeri soeeng ingkang rawoeh!

— Retrèt kanggé wanita: lan njekolahaken dateng Mendoet. Para maos Sw. T. koela atoeri mrelokaken maos Advertentie Retrèt Wanita, lan advertentie nglebetaken moerid ing Mendoet, kaseboet ing Sw. T. dinten poenika, lan minggoe ngadjeng.

— Bindexaman Frobel Kwekschool Mendoet. Saking Mendoet redaksi tampi pawartos, kala 7 doemoegi 15 April Frobel Kwekschool ing ngrika ngawontenaken iksamenan wekasan. Kandidatipoen 20, wewah tiga noenoetan saking Zr. Urselinen. Malang 3 dadas sadaja 23, sami katarimah sadaja. Ingkang sami katarimah waoe, i. p.:

1. Rr. Soepianah (Mataram).
2. Mas rara Soeradijah (Ngidjon).
3. Salamah (Semarang).
4. Rr. Soemarti (Solo).
5. Rr. Salamah (Medari).
6. Maria Moningka (Magelang).
7. Mas rara Moerjati (Mataram).
8. Mas rara Siti Aminah (Mataram).
9. Rr. Soewarni (Solo).
10. Mas rara Marjam (Koeto Ardjo).
11. Moertinah (Moerlilan).
12. Mas rara Soedarni (Koeto Ardjo).
13. Rr. Sri Mardijah (Mataram).
14. R. A. Sri Amijati (Mataram).
15. Rr. Kartinah (Adikarta).
16. Mejufr. Neli Zitter. (Semarang).
17. Mejufr. Jo. Niederer (Semarang).
18. Mas rara Moesinah (Adikarta).
19. Mas rara Noerijah (Salatiga).
20. Geertje Pau (Magelang).
21. Mejufr. F. I. Roos van Raadshoeren (Magelang).
22. Mejufr. E. C. van der Veen (Malang).
23. Mejufr. J. van Obdam. (Blitar).

1. *Padjar saking Bara*. Panggarap ing Gréjha ing Bara kénging winastan radi gantjng. Lerés dèrèng rampoeng babar pisan, éwadéné nalika Setoe toewin Ngahad Paskah (ping 4 kalijan 5 April poenika) sampoen kasamboet Pastoor Satiman kadamel ngendojoeaken Mis, sarta saladjengipoen jèn Ngahadan oegi wonten ing ngrikoe.

Doegi-doegi woelan Mei kaénggalan mawi kepjakan. Wondéné tanggaliipoen, sampoen ingkang djanma-menoengsa, dalah déwa-déwa inggih boten ngoeningani.

2. Wawagoeaning Gréjha saking pangntin koela katah ingkang remen. Damanipoen kekah. Wah, tjang lebetanipoen inggih pinten-pinten éwoel Oepami jatra samanten waoe sadaja dadas oeroenipoen sadèrèk Katholik Djawi, mongkogaken sanget!

3. Wawit tanggal 20 April grija sakit ing Bara saban Senén badé kadatengan dokter saking negari.

Inggik kabebahan sapoenikanipoen dokter R. M. Soedjarwati. Tamtoe saladjengipoen: „Dokter teka ... lara loenga." Angsal-angsalipoen prangko-jeugdzorg. Ing Sw. Tm. ngriki sampoen naté wonten swanten soepados samia noeloengi „jeugdzorg" ing Bogor srana toembas prangko-jeugdzorg.

Prangko waoe sampoen sami katoembas wonten ing Nederland lan ing Indonesia. Angsal-angsalipoen resik: f 19.459,21. Jatra samanten poenika boten itjal; djer kanggé para nèm-nèman. „Jeugdzorg" ing Bogor poenika ijasanipoen Katoelik!

Seminari kanggé bangsa priboeimi. Kita Jesselton (Borneo Inggris) sampoen angsal seminari kanggé tjalon imam priboeimi, kala poengkasaning taoen kapengker.

Semenari kanggé tjanganipoen priboeimi saja mratah. Saban bangsa gadah imam bangsanipoen pijambak poenika matoek sanget. Lan inggih poenika ingkang dadas idamidamanipoen K. St. Bapa.

IRAK (MESOPOTAMI).

Mendoeng pangaoeja-oewa. Ing Irak tjahing tjang Assyria Kristen wonten 118.000; ingkang 64.000 Katoelik. Pangrèhing pradja

badé kapasrahaken dateng bangsa Arab; milaniipoen kanggé tjang Kristen badé angl sanget anggènipoen ngreksa kaimananiipoen. Dèrèng lami satenggiling pengandjoer Moeslim sandjag dateng tjang Kristen makaten: „Kowé bakal ora kepékan, menawa akoe wis dadi mardika; goeloemoe bakal taktiqas; bodjo lan anak-anakmoe wadon bakal tak-pèk!" Saweg sapoenika kémawon taksih dipoentjeng ing mandaat sampoen dipoen-anggèl-anggèl sanget. Wawit 1925 pangrèh pradja selot-selotipoen loemintir dateng tangaanipoen bangsa Arab; lan pangoejakoejanipoen dateng bangsa Katoelik inggih saja mindak. (K. M.)

ZWITSERLAND.

Agenging golongan-golongan Saweg mentas kémawon ing Zwitserland oegi dipoen wontenaken tjajah dijiwan. Angka-angka ing ngandap poenika nélakaken agenging oetawi mindak soedaning golongan-golongan mawi oet. tanpa agami.  
Katoelik: 1.670.551; ing taoen 1920: 1.585.311.  
Protestant: 2.320.764; ing taoen. 1920: 2.230.579.  
Israèliet: 18.478; ing taoen 1920: 20.979.  
Tanpa agami: 72.718; ing taoen 1920: 43.433.

NEDERLAND.

Ahli wetenschap ketjalaran pengandjoer satoenngal. Wonten ing St. Ignatius-College ing Valkenburg(Limburg) sampoen katimbalan ing Pangéran pandjenganipoen Pater Erich Wasmann. (Kelahiran: ing Meran, 29 Mei 1859); gotrah Jezuïet. Sareng para Pater Jezuïet Djerman katoendoeng saking tanah kelairanipoen, Pater Wasmann waoe la-djeng manggèn wonten ing College kaseboet nginggil. Ing rikoe ngeodi dateng kawroeh (Wetenschappelijke studie), langkoeng-langkoeng bab semoet. Pater Erich Wasmann njerat boeoke katah lan sampoen kondang ing djagad kawroeh.

BELGI.

Ngadjengaken brajat ageng. Pakempalan kanggé ngadjengaken brajat Katoelik ing Bèlgi katingal madjng sanget. Mindaking warga taoen kapengker (1930): 130.650—102.000=28.650; lan ateges 37% tjatjahing brajat sabèlgi sadaja sampoen dados warga. Ingkang dados poesering aksi: Pater Fallon, S. J. Ing taoen kapengker Pater Fallon S. J. waoe sampoen saged ngangsalaken soedan paos kanggé brajat ageng. 100 mlijoen franc sampoen kadjandjèkaken kanggé ngedegaken grija-grija kanggé brajat ageng. Toemrap paos provinsi toewin gemeente oegi angsal soedan loemajan. Ing taoen kapengker panggangening brajat ageng ingkang boten gadah pendamelan angsal soedan paos katah, lan malih angsal toeslag brajat.

Bèlgi, sanadjan sampoen sek-sekan tjanganipoen, taksih ngadjengaken brajatipoen kados makaten: mbokmenawi djindja kalijan tangaanipoen: Parangakik, ingkang sapoenika tjatjah djiwanipoen ngenesaken sanget. Lan malih sinten ingkang gadah raos kabangsan sadjatos mesti inggih toemoet ngadjengaken brajat!

AFRIKA KILÉN.

Missionaris dipoenkoendjara margi ngréntjagi tjang priboeimi kanti leres. Kameroen, sadèrèngipoen perang ageng dadas djadjanipoen nagari Djerman, sapènika dadas tjef-pengalihipoen nagari Parangakik, déde djadjan, tegesipoen: Kameroen waoe katitipaken ing Volkenbond dateng Parangakik, soepados kabombonga. Nanging tradjanding Parangakik dateng missionaris-missionaris ingkang njamboet damel wonten ing Kameroen ketjagal anti-clerical (sengit dateng sawaminning poenggawanipoen Pasameowan Soerijin; nanging tjang priboeimi inggih katoet. Tandaniipoen:

Pater Mader (saking Gemar ing Elzas) kakaondjara 14 dinten mawi angsal dendan 200 franc; Pater Meijer (saking Colmar ing Elzas) 6 woelan, dendanipoen 600 franc. Sebabipoen, mergi Pater kekalih waoe sami protest toemindakipoen pendamelan peksan kanggé tjang Neger.

Prekawis pandamelan peksan poenika sampoen kerep kaesoelaken wonten ing Volkenbond ing Genève. Wewakiling paréntah trjijos, jèn namoeng tjang Neger ingkang manggèn tebih-tebihipoen 6 K.M., ingkang sami dipoentjengaken njamboet damel peksan: tjang djaler, èstri lan laré-laré sami dipoendjagi kanti saé; déné tjang èstri lan laré-laré boten sami dipoenkèn njamboet damel peksan.

Nanging para Missionaris, ingkang prasaot roemasoek dadas tjang priboeimi, sami soemerep kawontenanipoen ingkang sedjatos; tjang ingkang manggèn tebihipoen 60 K.M., malah ngantos doemoegi 100 K.M., inggih sami dipoenkopadoti. Ladjeng wantji daloe dipoenkoeng; ketjenging, la-djeng katjantjan, mawi tampoer pandjangan oeroet-oeroetan, sarta kagèndèng. Déné teda, kedah pados pijambak. Ladjeng katoetoepon wonten ing grija ingkang tjelak ing ngrikoe: djaler, èstri toewin laré-laré sami kaemor kémawon. Bajaranipoen kanggé tjang woelan 10, 20, njengka 30 franc. Tjijang èstri boten pikantoeke poenapa-poenapa.

Protest-ipoen para missionaris boten tanpa damel babar pisan: Ing September 1930 tjijang èstri lan laré-laré, ingkang wawit Maart doemoegi Mei toemoet damel margi, angsal bajaran. Nanging ingkang dipoentjikalakaken inggih ladjeng missionaris-missionaris waoe. kados ingkang kaseboet ing nginggil waoe.

Bab sekolahan, boten njenengaken! Sekolahan misie boten dipoenakeni. Namoeng sekolahanipoen nagari ingkang opisiijil. Examen ingkang wonten namoeng kanggé njepeng pendamelanipoen nagari. Sekolahan nagari mesti kémawon neutral: tanpa woelangan agama, tanpa woelangan oetawi toentoenan dateng kasoelian. Sadaja piwoelang mawi basa Fransch. Para ambtear boten poeroen njinaoe basa priboeimi (Chauvenisme). Kosok wangsoliipoen ing sekolahan misie dipoenwoelanganen agami lan kasoelian. Lan basanipoen ingkang kaanggé basa priboeimi. Poenika dadas djalaran anggènipoen para missionaris dipoenanggèl-anggèl.

Poenapa boten nggoemoenaken? Nanging èngeta: vrijmetseharji, ingkang kabombong ing Nagari Parangakik, wonten ing Kameroen ndados! jèn ngréngeti poenika inggih ladjeng boten badé goemoen; awit vrijmetseharji poenika jèn saged badé noempes Pasameowan Soetjil!

Kagem poetra pandjengengan! Koela atoeri moendoetaken:

# HOEDYANA

≡ Koran wasan laré. Medal sawoelan kaping kalih. Basa Djawi aksara Djawi lan Latin. Awangoen boeoke rinengga ing gambar. ≡

Regi namoeng **f 0,50** tigang woelan.

Adres: Administratie: Bloediran Redaksi: Poerwokninant **Djokja.**

Regi namoeng **f 0,50** tigang woelan.

Adres: Administratie: Bloediran Redaksi: Poerwokninant **Djokja.**

KABAR INDONESIA.

Poetoesan P. N. I.

Kala 22 Dèsember 1930, Landraad Bandoeng amoesi prakawisipoen Ir. Soekarna saktanipoen, kados ing ngandap poenika:

Ir. Soekarna 4 taoen: t. Gatot Mangkoedipradja 2 taoen; t. Mas-koen 20 woelan; t. Soepriadinata 15 woelan.; kapotong wekdal tahanan.

Dakwa sami apèl minggu dateng Justitie. Woesanipoen, Raad van Justitie inggih anetepaken kados poetoesan Landraad ing Bandoeng waoe. Dadas adjèng kémawon.

Poetoesan poenika, ateges amoesi pedjahipoen pakempalan P. N. I., awit boten sandé Pokroel Djéndral mesti ladjeng anglopoeraken dateng Hoogerechtshof kanggé anetepaken bilih P. N. I. pakempalan ingkang kalebet ing awisan, mawi dadas poetoesaning pradata ing nginggil. Manawi sampoen makaten, saking Hoogerechtshof waoe mesti-nipoen ladjeng kaemoemaken wonten ing *J a v a s c h e C o u r a n t* bilih P. N. I. poenika pakempalan ingkang kalebet ing awisan.

Ananging, tjang inggih sampoen nginten bilih pedjahipoen P. N. I. poenika ateges pedjahipoen pangoe-dinipoen kaem kabangsan dateng Indonesia Merdeka.

Woelangan gymnastiek ing L. O. lan Mulo. Kasoewak.

Woelangan gymnastiek wonten ing sakolahan andap lan Mulo ingkang kababan dajaning malaise, nedya kasoewak.

Wonten ing Memorie van Antwoord, koela maos kateranganipoen regeering soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

Regeering pijambak inggih roemas-prihatos déné kepeksa njowoek woelangan gymnastiek wonten pamoelangan andap (lagere school) toewin Mulo namoeng margi kaplinder ing kala mangsa ingkang nagari ladjeng kedah toemindak makaten.

Manawag saged toemindak tanpa waragag (extra-kosten) péranganing onderwijs babagan poenika inggih sanadjan namoeng tambal boetoeheksa badé kalestantoenakan wonten ing Mulo.

Sarta regeering notjogi pamang-gihipoen warga ingkang njondongi tinimbang ngirid sanès-sanèsipoen aloewoeng ngirid wragad woelangan poenika.

Woelangan handenarbeid ing pamoelangan andap sampoen boten dipoensedijsani wragad.

Toemrap pitakènan manawi wonten pakempalan babagan sakolahan ladjeng ngrembag woelangan gymnastiek ingkang kasoewak waoe, poenapa nagari badé maringi subsidie, kaparingan wangsoelan prakawis poenika boten saged anjagahi ingkang temenan. Éwadéné manawi wonten paneda ingkang maton sasèstoe, redelijik, saking péhak schoolbestuur, sasaged-saged inggih badé dipoentjijarakaken sageda angsal.

Soewakipoen woelangan gymnastiek wonten ing pamoelangan andap poenika boten adamel pitoena ageng toemrap onderwijs, saja toemrap pamoelangan ing padoesoenan ingkang moeridipoen tebih-tebih oetawi toemrap panggènan ingkang ing rikoe sampoen wonten pakempalanipoen Padvinder.

Tanah Wétan kagatosaken. Dénng para Internationaalisten.

Manoet tjarijosipoen A. I. D., bokmanawi kémawon bëndjing Agostoes poenika Internationale transportarbeider-federatie badé ngintoenaken oetoesan dateng Tanah Wétan kalebet oegi tanah Djawi perloe njinaoe poenapa saged ing Wétan poenika dipoenwonteni Aziatisch beroepssecretariat.

DARADJADIPOEN VOLKSRAAD.

Nagari ingkang maréntah modèl démokrasi, mesti ngawontenaken babadan, ingkang angadjaning rembagipoen wewakiling kawoela pinten-pinten golongan ing nagari ngrikoe. Nagari Walandi anggènipoen maréntah pradja Nederland dalah djadjanipoen inggih katjara démokrasi. Amila ing tanah ngriki, inggih dipoenwonteni badanan Raad Kawoela, Regentschapsraad l. s. s.

Volksraad poenika jejasan modèl Kilèn ingkang kasoekakaken dateng ketjijang ngriki, oetawi pantoentipoen, soepados sami poeroen toemoet njamboet damel kanggé perloenipoen tanah Indonesia. Sarta,.... „Volksraad waoe namoeng babadan Soeka rembag, alijas *Een Adviseerend lichaam.*

Kados-poendi ta daradjadi-poen Soeka rembag makaten? Wonten kala mangsanipoen ginaga, wonten kalanipoen tinampik. Poenika sampoen mesti!

Kados oepaminipoen ingkang kalampanan nembé poenika, Regeering badé joeda blandjanipoen ambteenaar. Ladjeng anggènipoen naringaken rembag dateng Volksraad namoeng sawarni „mededeeling" oetawi „soeka soemerep." Ingkang makaten waoe, inggih nama sampoen leresipoen. Awit, apa ta Volksraad koe-wi? Ora lija kadjaba moeng djoeroe awèh remboeg. Dadi ora doewe koewasa moetoes.

Saja tjeta manawi kita maos wangsoelanipoen Regeering dateng Raad Kawoela toemrap anggènipoen oedoe rembag babagan soedan blandja. Kaseboet ing Memorie van Antwoord, regeering njarijosaken makaten:

„De Regeering kan Zich, zoals reeds uit het voorafgaande blijkt, zeer wel vereenigen met het betoeg van enkele andere leden, dat het zoowel uit een oogpunt van staatsrecht als van practische politiek juist is gezien de voorgenomen korting op de bezoldigingen als een daad van uitvoering te beschouwen, waarvoor de verantwoordelijkheid in vollem omvang door Haar wordt gedragen. Dit neemt natuurlijk niet weg dat de Regeering het in hooge mate zou waardeeren indien de Volksraad aan dien maatregel zijn adhaesie zou willen schenken. Dien moreelen steun zou de Regeering ongaarne missen, doch kan de Volksraad daartoe niet besluiten, dan zal Zij zonder dien steun de maatregel toch moeten doorvoeren omdat Zij met groote stelligheid er van overtuigd is dat Zij door 's Lands belangen wordt geboden en daarmede voor Haar

Inggik katoetes, pangarsanipoen, bangsa Inggris toewan Cramp, kalijan sekretaris pakempalan, anama Edo Fimmen. Manoet rantjangan anggènipoen nedya kekésahan niti-priksa waoe dangoenipoen nem woelan.

Amerangi lintah darat.

Centrale Kas mentas damel sirkoelèr kaideraken dateng para pangrèh sarta administrateur-ipoen Volkscredietbank, soepados njamboet damel sasarengan kalijan pakempalan-pakempalan Anti Woeker, perloe amerangi lintah darat.

Pangrèhing Anti Woeker Vereening ing Bandoeng miterang poenapa boten saged Volkscrediet-wezen anggoegah tetijang soepados sami ngawontenaken pakempalan-pakempalan Anti Woeker, sarta manawi perloe poenapa boten saged Volkscredietwezen anjoekani voerschot oetawi samboetan dateng tjang ingkang kalantaraken ing Anti Woeker Vereening kanti pikantoeke kalonggaran.

Saking pamanggihipoen Dirèktoer C.K. prakawis poenika prajogi dipoenleksanani.

Dados pandamelanipoen Anti Woeker Vereening poenika soeka katrangan-katrangan sarta pitoeloengan dateng tjang ingkang dadas koerban oetawi badé dadas koerbaning lintah darat. Déné Volkscredietbank ing papan ngrikoe pandamelanipoen ingkang bakoe anjoekani samboetan kanti kalonggaran dateng tjang ingkang dipoenadjengaken déning Anti Woeker Vereening dateng Volkscredietbank.

Samboetan énggal kanggé Indonesia f 200.000.000.

Tilgram. Aneta saking Den Haag njarijosaken nagari angdjengaken rembag dateng Tweede Kamer soeraosipoen badé njamboet katah-katahipoen f 200.000.000 mawi angsan ingkang tjalon katamtokaken ing Minister van Koloniën.

Wonten ing katrangan kepraté-lakaken bilih samboetanipoen nagari wonten tanggal 1 Djanoewari andel dadas 101 mlijoen, lan kintenkinten doemoegi akiring toean saged

de zaak beslist is."

Manawi tjang Djawi ingkang nemb-boengaken, soeraosipoen Memorie van Antwoord ingkang koela petik ing nginggil waoe makaten:

Regeering matoek karo pantoemoené warga sawatara, prakara soedan bajar ikeo digagapana saka staatsrecht sarta practische politiek pantjèn koedoe ingganggep toemindak kang tanggoengané dadi sasangané regeering déwé. Lan, mesti baé sing mangkéné iki regeering ija banget anggoné angadji-adjji samangsa Volksraad gelem njaroedjoeiki. Pambijantoe mangkono maoe binoetoeheké banget ing paréntah. Éwadéné manawa Volksraad ora njaroedjoeiki, regeering meksa bakal aneroesaké tindak kang woes dadi sedyané maoe, amarga woes roemangsa temen-temen, jèn ikeo maoe dadi djaloekané kabotoehaning tanah; dadi ija woes tetep.

Sampoen mesti kémawon katah warga Volksraad ingkang anampi basa waoe anjerikaken manah. Sarta prakawis poenika inggih kawahjakaken ing pangarsaning Volksraad kala parepatan dinten Setoe 18 April 1931.

Satléraman pantjèn inggih anjerikaken manah. Kados-kados regeering boten angaosi Volksraad-ipoen.

Nanging, kita kedah angéngeti Raad Kawoela poenika namoeng babadan soeka rembag. Dadas sampoen leresipoen meningi lelampahan: „Ditoelak! Ora kanggo remboegé." Poenika sampoen nama sesanggènipoen djoeroe awèh remboeg. Poenika sampoen risiko-nipoen een adviseerend lichaam.

Manawi kita taloesoer saking kalangan ngandap, kita inggih mageritos bilih Volksraad poenika déde sadjating babadan wakiling kawoela. Mila rembag-rembag ingkang medal ing ngrikoe, inggih boten kénging kawastanan koewi swaraning kawoela.

Amila, poenapa anggoemoenaken, manawi katah ingkang amastani: „Volksraad koe wi pada baé karo Gedong Komidi Bitjara?"

Nanging, sanadjan nama babadan soeka rembag, manawi toemrap prakawis penting kados déné prakawis soedan bajar poenika, regeering boten poeroen nganggep rembagipoen Volksraad, inggih sasèstoe badé awrad sanget sesanggènipoen!

Kumuningsaselé 20 April '31.

Taklim: *Patjar Merah.*

mindak dadas 200 mlijoen. (Wiwitaning taoen '30 samboetanipoen 43 mlijoen). Ing mangka boten wonten laras-larasipoen badé pikantoeke katoentongan, sanadjan ing taontoean ingkang badé toemindak kabekta saking politik bezuining badé andjalari saéning antanipoen nagari.

Inggik Witjaksana Goepoeror Djéndral ing ngriki pikantoeke dawoeh loemantar tilgram soeraosipoen soepados prakawis poenika dalah katranganipoen dipoensoemerepna dateng Volksraad.

G. G. dateng Soerabaja. Konprènsi kalijan regent.

Tanggal 4 Mei, Ingkang Witjaksana tedak ing Soerabaja. Tanggal 5 Mei konprènsi kalijan boepati-boepati Djawi Wétan. Madjawarna badé dipoenampiri. Tanggal 6 Mei dateng Medoera. Tanggal 7 Mei djengkar saking ngriki dateng Semarang.

Hak siti. Motie Pasoendan.

Konggrès pakempalan Pasoendan ing Bogor tanggal 5 Mei, ngawontenaken motie angekahaken wewenangipoen tjang boemi toemrap siti. Sadaja tindak ingkang sedyanipoen neda anggadhahi wewenang prakawis siti sami kalijan tjang boemi (... oepami tradjanganipoen I. E. V. ... Red), kedah dipoendoe-wa kanti sanget.

Poetoesan-poetoesan konggrès B. O.

Konggrèsipoen pakempalan Boedi Oetama Betawi nembé poenika amoesi:

1. Doenoeing pangrèh ageng wonten Soerakarta.
2. Ingkang dadas warga H. B. R. M. A. A. Koesoema Oetaja (voorzitter); R. M. Woerjaningrat moeda pangarsa; Mr. Singgih panitra; M. Soetédja, secretaris no. 2; Pinandaja; penningmeester; Komisaris: R. Margana (ing Djakarta), R. Slamet (Semarang), Mr. Sastramoeljana (Tegal), M. Soemardja (Djakarta), Mr. Wongsanegara sarta R. T. Djaksadipoera.
3. Angéwahi Statuten ingkang



# DJAGAD WANITA.

## WEWENANG LAN KOEWADJIBAN KITA WANITA KATHOLIEK INDONESIA.

(Sosorahipoen Mevr. Soeprapta Medari, wonten konggrès P. W. K.).

Pakempalan kita poenika nami Wanita Katoelik kanggé bangsa Indonesia. Dados nitik poenika sesipataning pakempalan kita poenika kenging koela printji dados 3 warni inggih poenika:

1e. Apengawak Wanita (éstri).  
2e. Katoelik (boten Islam, boten Boeda, boten tanpa agami).

3e. Apengawak Indonesia (sanès European, sanès Benggalees).

Nitik sesipatan kita 3 warni poenika kaseboet nginggil poenika, dados wangoen, lagoe lagéjan, tradjang lan actie kita kedah boten sisib sesipatan 3 warni waoe. Inggih poenika:

1e. kedah hamanitani (moetrèni) oetawi satjaraning kaaem poetri, boten ngakoengi.

2e. kedah Ngatoeliki tegesipoen hasipat Katoelik oetawi boten nilar Katoelikipoen, sadaja ingkang dipoenantjan, lan toemindakipoen anggoeoh antjanan waoe, boten kenging nilar Katoelikipoen.

3e. Kedah ngenggèni ka-Indonesiaipoen. Ing ngriki rehèné sabagéjan ageng kita sami wanita Djawi, dados inggih kedah ngekahi kedjawèn kita.

Poenapa koela nginten jèn W.K. dérèng nglinggahi dedasar lan sesipatan kaseboet nginggil waoe, poenika boten, inggih namoeng sageda nambahi njangetaken lan sageda saja kentjeng pandjaginipoen sadara Wanita Katoelik Indonesia sampoen ngantos medal saking dedasar lan sesipatan waoe.

Oepaminipoen:

1e. ndjagi sanget sampoen ngantos para wanita langkoeng-langkoeng Wanita Katoelik ladjeng toemoet<sup>2</sup> potong réma boekoengan. Saadjan boekoengan poenika dipoenwastani gezond, boten ribad, saged resik enz. enz. nanging ngéngetana jèn poenika nilar sesipatan Wanita Djawi.

2e. Nganggé rog, sanadjan dipoenwastani tjantjangan, ngirid ragad enz. balik mawi njamping dipoenwastani roebed, kedangan enz. inggih sampoen kégoeh ladjeng mboettal njamping gantos rog.

3e. Jèn ngendikan, ingkang pantjen saged tjara Welandi, jèn perloe gineman tjara Walandi, inggih sageda resik boten tjamboran toegeltogelan. Oep. bareng ngono wij ndjoer dioendang, didawoehi njang pawon alles klaar maken, enz. poenika roemaos koela inggih kirang prajogi langkoeng-langkoeng toemrapping kita wanita.

4e. ndjagi para moeda anggènipoen toemindak pepatjangan, sampoen ngantos ndaléja oetawi tradjang wewaler, awit poenika mbebajani sanget toemrap kawitanan kita, lepat-lepat saged telas adjaining wanita wonten ing ngriko.

Rèhné patjangan poenika mila ageng perloenipoen, nanging inggih ageng bebajanipoen, mila inggih perloe wonten adat patjangan nanging sageda angsal pandjagèn tjepak, ngèneti dedasar 3 bab kaseboet nginggil, sampoen ngantos mlèséd saking kawanitanipoen, Katoelikipoen lan kedjawènipoen. Rèhné ngantos sapriki dérèng wonten boekoe ingkang nerangaken pepatokanipoen tjang patjangan kanggé Katoelik Djawi, ingkang kenging

kanggé toentoenan dados prajogi sanget oepami P. W. K. ngoadi wontenipoen boekoe waoe, kenging kanggé njoeda oetawi mbéngkas bebajaning patjangan toemrap kita Katoelik Djawi, awit papatjangan ing kalangan Kath. Djawi, sampoen watawis katah ingkang ngganda boten élja.

5. Lagéjan oetawi watak; djatmika,

pasadja tadjem, wingit panggodat poenika watak kita wanita Djawi ingkang saé, moegi sampoen ngantos sirna, ingkang toendonipoen namoeng angsal lintoe: djoewèh, rongèh, wadhè pating tjlonèh.

Tata krama Djawi nganti ora bisa, landa ora sampoen, karèpé ninggal wong toewa, nanging jèn dietjoelaké ora sebada.

kawis onderwijs, nanging bangsa Portugis manoe katrangan saking tw. J. Vertrecht waoe, satengah kadamel leerplicht, ngantos sami kawedal boten tarimahipoen. Onderwijs ingkang katantjebaken „Katholiek onderwijs” ingkang nengenaken dateng prakawis kabatosan. Bangsa Portugis nedya ngendjoekaken anak Indonesia dateng Ramanipoen ingkang sedjati, tjang Portugis badé dados penoendjoek djalaniipoen anak Indonesia, ingkang sami andon kekésahan dateng djaman kalanggengan.

Inggih pantes kita tjatet ingriki oegi, nawala Dalem Ingkang Sinehoen K. S. Bapa Pius V ing th. 1567 lan th. 1568 „ngemoetaken malih soepados para „Inlanders” karengkoeha ingkang saé, saha sami kadadosna ambtenaar oegi. (Temtoe kémawon ingkang tjakep ing padamelan). Makaten ing th. 1571. (4 Januari) paring nawala dateng Nata Portugal, asoeraos bilih para Inlanders kedah karengkoeh sami kalijan bangsa Europa, makaten oegi kadawoehan nenangi wontenipoen Imam priboemi.

\* \* \*

Nitik ing onderwijsactienipoen bangsa Portugal makaten oegi missie actienipoen, kita saged mangertos sapinten inggiling adabipoen bangsa poenika waoe djaman samanten, ingkang bab poenika adamel mongkoking Rome, adamel soemoenaring Vatacan.

Idam-idamanipoen Portugal toewin Kg. Santo Bapa Pius V makaten waoe, dérèng kadoemoegèn, djalaran alangan-alangan oetawi bebaja-bebaja mila ageng, makaten oegi inggih kedah tansah kaemoet-émoe bilih namoeng sakedap sagedipoen

kadjeng palang toemantjeb wonten ing Indonesia. Saoepami sageda teroes makaten, koela nginten Indonesia temtoe sampoen mbabar poetra ingkang djoemeneng prijantoening Pasamoewo Soetji, boten ngemoengaken Imam kémawon, nanging oegi Biskop-biskop kados déné tangga koela lér poenika, tn. Philipina; ingkang menggahing babad-babadipoen katah emperipoen lan Noeswantara.

Katah emperipoen atoer koela; djer koela atoeri enget, nalika bangsa Portugis mandjer bandéraning „Rome” wonten ing Indonesia, bangsa Spagnol wonten ing Philipina. Makaten oegi koela atoeri enget, djaman „Spaansch Portugeesch Rijk” wiwit th. 1580 djamaniipoen Sang Praboe Philips II. Namoen koetjiwa sanget, déné actienipoen tjang Portugis lan Spagnol waoe boten lami, djer ing th. 1605 sampoen kapeksa nilar Noeswantara, kanti loeh ingkang tjrotjosan, djer medot katresnan ingkang ageng sanget.

Tanah Indonesia ingkang sampoen wiwit dados kebon anggoering Sang djoeroe Wiloedjeng, ladjeng dados tanah beheran, ngantos doemoegi ± th. 1809. Missie actie kapeksa boten saged mlebet. Indonesia dados tanah beheran 2 abad langkoeng. Nanging ing th. 1809 ladjeng wonten ngelama malih ingkang saged ngantji Indonesia; ingkang ing th. 1856 kasesoel déning para zusters lan broeders. Makaten oegi boten let dangoe ladjeng toemandang kanggé para „anak priboemi” ngantos wontenipoen sapoenika kita nji-pati pijambak-pijambak.

Doemoegi samanten kados tjepak atoer koela!

Trenggana.

# SEKOLAHAN.

## INDONESIA KALIJAN POELOENG ODERWIJS!!

(Katoer saeodara „Hercules”.)

Para maos!!

Nglegani pamoeodoetipoen saeodara Hercules, kaparenga ingriki koela damel andaran sawatawis, poenapa Indonesia inggih sampoen naté kadawahian poeloeng onderwijs ingkang kados idam-idamanipoen sang kalokèng rat „BERNARD OVERBERG?”

Pitakèn poenika èstoenipoen sabèn tjang temtoe saged mangsoeli.

Wontenipoen confessioneel onderwijs saking golongan kita, ingkang nggatosaken sanget dateng prakawis kabatosaning laré, poenika sanget ageng goeanipoen kanggé Noeswantara. Sadaja tjang temtoe ngakeni, badé pinter ndjara langit, manawi asor boedinipoen, tjang waoe babasan temtoe aos ron aking. Wontenipoen confessioneel ing tanah Indonesia (inggih ingkang dedasar Islam, Protestant, Katholik lsp.) poenika satoenggiling barkah ageng kanggé Iboe Indonesia. Sinten ingkang boten ngakeni dateng bab poenika, teroes terang koela wani nemtokaken jèn wedaling pangandikanipoen boten tjotjog kalijan panggalihipoen, jèn lésanipoen boten tjotjog kalijan dadanipoen.

Èstoenipoen para sadèrèk, jèn kita poeroen nolèh sakedik dateng djaman wingi oeni, koela mangertos kanti terang bilih „idam-idamanipoen éjang „BERNARD OVERBERG” kirang langkoeng kawan abad kapengker sampoen wiwit toemantjeb wonten ing Noeswantara, sampoen wiwit tjoe mènblok wonten ing Siti Indonesia ingkang misoewoer sanget ing elohipoen; koipoek-ipoen déning para ngelama bangsa Portugis, kembaran kémawon kalijan ing tangga kita ingkang doemoenoeng salèring garis katoelista wa kenditing boemi poenika, i. p. ing Philipina ingkang mitoeroet pembantoening s. k. „Bintang Timoor” babagan economic, Philipina sampoen mèh angsal poeloeng „bawa pri badi.”

Saeodara „Hercules”!!

Tjopi ingriki koela njoepik sakedik, taoen-taen kentjana waoe kanggé nipoen Iboe Indonesia, ingkang pantes tjinatet ing kepèkipoen para poetraning confessioneel onderwijs, para journalisten ing oemoemipoen, waton sanès journalist peroeit alijas „journalist boenglon” kanggé „primbon nationaal.”

Nalika koela njerat artikel poenika, koela ngadep boekoe „De Katholieke Missie van Indonesia 1511—1605 onder de Spaansch-Portugeesche Vlag” lan „Kitab peringatan Hindia Belanda (1898—1923) makaten oegi „Jaarboek van 't onderwijs en de Opvoeding der R. K. jeugd in Nederland en Koloniën.”

Saking boekoe tiga waoe, ladjeng katjoendokaken kalijan babad-babad ing noeswantara, kita saged gadah gegambar, samanten agenging lelabetanipoen poetraning „Rome” ingkang badé mandjer bandéraning kaotamèn.

Ing taoen 1541 ing Ternaté sampoen wonten pamoeolan ingkang dipoenkemoedèni déning djobah tjemeng bangsa Portugis. Pamoeolan waoe sineboet ing tw. B. J. J. Visser M. S. C. College of Seminarie van Ternaté. Toedjoenipoen College waoe, badé anggoelawentah para anak priboemi, toewin moelang prakawis kasagedan ingkang salaras lan djamanipoen. (t doel van dit College is om de kinderen van Inlanders een goede opvoeding met passende ontwikkelte verschaffen.)

Kepèk koela babagan onderwijs trjijos, gegajoetan kalijan prakawis poenika, wonten seratan „naast Godsdiensdienst ook profane wetenschappen gegeven werd.” (Petikan saking boekoe oetawi koran poenapa, koela sampoen boten enget malih.)

Th. 1570 pandjenganipoen Rama Pastoor Simao, oegi jasa College kados déné Seminarina van Ternaté waoe wonten ing „Solor” kawoelang maos, njerat, étang-étang. Kedjawi basa priboemi oegi kawoelang basa Portugis, malah manoe tjatetanipoen „Santos” ing College Solor waoe oegi kawoelang basa Latin. Laré ingkang pinter-pinter kakintoenaken dateng „Goa.”

Th. 1595 Rama Pereya ngemoedèni pamoeolan wonten ing Zebu.

Malah tw. J. Vertrecht wonten ing „verhaal noopens den Standt der Kercken ende schoolen aent Casteel Amboyna ende boven int Geberchte” katittimangsan 14 September trjijos bilih tjang Ambon nalika samanten katah ingkang sami kelah, makaten para negrijen, djalaran sami dipoenaksa njekolahaken anakipoen (daerse ten tijden van de Portugesen altemael inde school mosten senden).

\* \* \*

Para sadèrèk!!

Samanten tandangipoen para ngelama bangsa Portugal ingkang sanget kabijantoe déning para tjang Katholik djaman samanten. Boten nggoemoenaken, nalika samanten bangsa Europa saweg kagoegah manahipoen. Djaman samanten babad-babad ing missie actie ngambah IVE. tijdperk, djaman ngilir. Bangsa Portugis wiwit saking pradoerit doemoegi soedagaripoen pisan „Bangsa-bangsa ing tanah sing takambah ija koedoe tampa sadjatining kaboengahan sing woes linabetan toentasing Roedira Dalem Sang Karja Wiloedjeng.”

Lan boektining tjita-tjitanipoen bangsa Portugis waoe, kedjawi moelang dateng bangsa sepoeh, inggih sampoen ngadani onderwijs-actie, djer bangsa Portugis inggih mangertos, bilih „In de jeugd ligt de toekomst.”

Pantes kita tjatet, nama „Antonio Golvano” ingkang mbikak kori kamadjaning bangsa anak Indonesia. „Antonio Golvano” was de baanbreker der onderwijzersactie voor de Ternatanen!

Para sadèrèk!!

Kados makaten actienipoen bangsa Portugis!! Nalika samanten, bangsa kita boten mbetabaken dateng pre-

# ÉKONOMI.

## ING SAPOETJAKING PANGGOENG EKONOMI.

Dagang Tionghoa djingkat.

Tanggap Sabda saking: M. Andaja ing W. Karanganipoen sadèrèk S. S. Dh. ing Sw. Tm. 3 April poenika pengangan lan mbabajani.

Pengpangan, margi toelèn, tegesipoen mboten metik koran sanès, ateges ingkang kerep kaseboet origineel.

Bebajani (a) dateng koela, Andaja, margi kedah sedija wangsoelan ingkang tjepak lan tjes-pleng. Margi wangsoelan koela waoe badé dados ébahiipoen tanah Grabag sakoekoebanipoen, kasedijakaken mangka wangsoelan dateng loerah lsp. Hara, koela rak kedah ngatos-atos.

Wangsoelan koela dateng mas Loerah la S. S. Dh. waoe meksa kirang maremaken, margi:

(1) pénakan koela ingkang sinaoe wonten Betawi trjijos, bilih toko Platon, Betawi, sagah nampi sedaja watjoettal: ménda, lemboe, maésa, slira, baja, sawer; mangka Mas Loerah waoe betah exporteur toemrap woeloe wedaling boemi dados mboten keplok.

(2) roemijin wonten firma Djerman neda pitoeloengan dateng Departement Landbouw ing Indonesia ngriki, soepados saged lajanan dagangan (noembas, ngilak) kalijan tjang. sok tjijanga, ingkang sedija woeloe wedaling siti. Namoen firma waoe sapoenika Andaja kesoepon namanipoen. Gadjeg roemijin advertentienipoen katingal kapatjak wonten ing „Bataviaasch Nieuwsblad.” Poenapa Pak Loerah saged rekès dateng Departement Landbouw pijambak poenapa takèn dateng Bat. Nieuwbl.? Andaja boten saged poenapa-poenapa, margi éman, kala

semanten boten mèngeti namanipoen firma ing Djerman waoe.

(3) menawi boten klèntoe Soerabaja sampoen wonten Importeur Djawi, mr. Ganda . . . kesoepon! Tjopi takèn kémawon dateng Swara Oemoem Soerabaja. Enget koela Sw. Oe. roemijin ngemot advertentienipoen im-lan exporteur Djawi waoe.

Serat kabar saking Borneo roemijin inggih wonten exporteur ingkang pados dagangan kados makaten.

Kedjawi poenika koela ngadep amplop saking „San Francisco Chamber of Commerce. (kantor dagang San Francisco.) lan kantor waoe saged mitoeleongi rembag poenapa kémawon ingkang nggepok dagangan. Kados-poendi poenapa Andaja takèn mrika? poenapa pak Loerah pijambak? poenapa adi (kakang) - mas S. S. Dh.? Adrèsiipoen: 451, California Street, San Francisco, Calif. U.S.A. (Calif. poenika tjekakan namaning staat: California; margi U. S. A. kedatosan saking pinten-pinten staat.)

Hara, kados-poendi? poenapa takèn dateng Milaan—kados boten perloe kangélan, awit saben kita Europa lan Amerika sami gadah „Chamber of Commerce” pijambak-pijambak.

Manoe tjarijosipoen pénakan koela ingkang sinaoe wonten Djakarta Betawi teka inggih wonten „chamber of commerce” gadahanipoen bangsa Tiong-Hoa. Temtoe kémawon „Chamber of commerce” poenika sasaged-saged kedah kita „djotak”

Poenika sadaja djlèntrèhipoen mbebajani serie-a.

mBebajani serie-b, kados ngandap poenika:

Ing mbebajani-a koela sampoen

# KABAR SAKING BETAWI.

Inggih perloe kaatoeraken roemijin, wkdal sapoenika Betawi kerep djawah, taoen kapengker woelan April—Mei oegi kerep djawah; mila anèh, ing witaning mangsa ketiga malah kerep djawah, jèn rendeng awis wonten tletik. Inggih makaten waoe poenapa pantjèn tjara Betawi, poenapa namoeng saweg ngleresi, kilap.

Bab kaping kalih: pasar gambir. Taoen poenika saèstoe wonten pasar gambir malih, boten perdoeli djaman rekaos. Taoen kapengker ingkang koela émani kalih prakawis: restaurant Kramat lan restaurant Soewarno, ingkang kalih-kalihipoen restaurant national, tegesipoen ingkang gadah Djawi, Djawi loegoe, dédé: „orang Betawi.” Restaurant kekalih waoe laeroet kamangsa ing . . . . . pasar gambir. Kramat pasar gambir restaurant Kramat lan restaurant Soewarno, toetoeop. Toetoeop ing saladjengipoen, lan boten badé bikak

malih. Marginipoen: restaurant kahalih waoe sami ngedali wonten pasar gambir, woesana—bangkroet.

Mila sareng koela maos advertentie pasar gambir taoen 1931, ladjeng ngeloès dada. Batos koela: Sapa baja dadi mangsané! Sapa baé sing bakal dadi koerban! mBok adja sadoeloerkoe déwé!

Advertentie pasar gambir poenika wiwit woelan November taoen kapengker sampoen medal, ngantos doemoegi sapoenika.

Mila leres ki Patjar Mérah alok: „mBok adja ana pasar gambir!”

Langkoeng malih koela, ingkang njerat poenika toemoet alok: Aloewoeng sadjegoe oerip adja ana pasar gambir! Bioscoop 14 rak wis tjoe-koep! (Meester lan Betawi).

Koela alok makaten poenika margi meningi pijambak, rekaosipoen rebat gesang ing Djakarta ngriki.

Dinten poenika oegi kakabaraken wonten Welandi kadenangan ang-

gènipoen mendet klapa, ladjeng kaprekawisaken! Lo, rak memelas. Bangsa petak sampoen wiwit „ngopèni” klapan! Poenapa doemèh petak sami petak? (chml! chml!)

Malih: kalih mnggoe kapengker tangga koela trjijos: „Ini toewan ada anak doea soedah 4 hari nggah makan, orang toeanja maoe pikir lagi! Biar saja miskin, anak banjak, biar! Saja maoe toeloeng!”

Laré waoe djalar sadaja: a. oemoer 4 taoen, b. 2 taoen; sadaja 4 dinten boten neda. Tepangan koela trjijos: „Kijk mijnheer, de kleine heeft geen vleesch meer, ah, kassian!” Koela mènèl kémawon, namoen nangis salebeting manah.

Malih: tangga ingkang ngopèni laré waoe 2 woelan kapengker trjijos: „Ah, toean, soekarjara orang hidoep, saja nggah taoe akal lagi, boeat makan sehari-hari sadja soekar, maoe pindjem nggak berani, maloe enz. enz.” nggak berani, ing ngrikoe leresipoen „saroek manawi: nggik dikasi, lan mbotoeroetipoen, taksih katah malih. Dèrèng remoe-ipoen toko Padang telas kamangsa

latoe, toko „Kita” idem, sadaja toko national lan „Fuji” nipoen kita Betawi. . . . . telas kamangsa latoe.

Dilalah toko Padang ladjeng ngenggèni grifa tilas . . . . . Restaurant Kramat, séwan f200 sawoelan.

Tilas restaurant Soewarno dipoendekemi bangsa Europa, inggih kanggé Restaurant nama . . . . . Mon Plaisir, oepami tjara Indonesia: Kesenenangan kita.”

Anggèn koela nggetoeni anggènipoen badé wonten pasar gambir poenika kadjawi soemelang jèn badé neda koerban lan saja meres sakiipoen tjang alit, oegi soemelang, gèk sing dianggo adèn-adèn model apa baé!

Awit sadèrèk koela S. roemijin sampoen trjijos: jèn ingkang kadamel enggel-enggeling tetinggalan saroe sanget.

Gèk semoenipoen „saroe sanget” waoe taksih badé dipoenengkoeli. Lo, adatiipoen mila makaten. Crescendo, steeds erger! Ngantos kan- tjandoendo sadèrèk S. waoe lan oegi kantja koela, babar pisan boten braaf, sareng mantoe ambanting

pitji kanti moengèl: „Wat is de wereld toch slecht, man.” Lo, tjang boten braaf kémawon ngantos kawedal samanten, oepami radi braaf . . . . . saged oegi boten émoet ngenngèn.

Koela sadaja waoe boten soemerep pijambak, sareng mireng poen X. mbanting pitji lan alok makaten, koela medal kabinet koela lan miterang . . . . . let saminggoe karanganipoen sadèrèk S. medal ing S. T. ngriki.

Kaping tiga bab moealipoen basa Inggris. H. I. S. mawi basa Inggris manawi salosin kémawon wonten! roemijin koela kinten namoeng 3. Sareng koela dateng Meester, dateng Gang Ketapang, dateng Defensie lijn, Den Bosch, Lo, hatik H. I. S. — H. C. S. énggal sami moentjoel, sadaja mawi basa Inggris!

Mila leres sanget jèn kjai Gladool wonten ing H. I. S. (houdt immers stand) dadag badé doeceran basa Inggris! Bravo katoer privaatoent kajai nggata Gladool, . . . éman koela boten ngertos dalemipoen; ngertos badé poeroehita!

Nitik sadaja poenika pers kita

matoer jèn karanganipoen sadèrèk ès-ès-dé-ha waoe mbebajani toemrap koela pijambak, poen Andaja, margi anggèn koela ngatoeri ketrangan kedah ngatos-atos.

Déné mbebajani b poenika toemrap bangsa Tjong Hoa ing sadajanipoen, langkoeng-langkoeng ingkang sami manggaota dagang. Sebapipoen: sampoen katjéta ing atoe ingkang sampoen-sampoen, Déné pangandikanipoen sadèrèk ès-ès-dé-ha waoe namoeng mewahi tjontoniipoen:

(1) Bilih kantja Tjong - Hoa saja kraos mijeg-mijeg lan soemelang, sarta (2) bilih kantja Indonesia njata wiwit badé tjantjoet saéstoe. Mentas kémawon ing Minahasa wonten pakempalan dagang ingkang dipoenkemoedèni prijantoean bé-bé (sanès babyl) nama: Coöperatie winkelvereeniging Minahasa Toe-loeng Diri Sendiri—Hara, namanipoen kémawon sampoen tjéta.

Mila, mila, mila jèn kang Kromo, joe Setro, mbok Nojo, sampoen poeroen ndjawil tanah mantja pijambak, blaï, blaï, blaï, blaï, kantja toekang nglantaraken sampoen tjepak koehoeripoen, kaloehoeraniipoen sampoen wiwit lingsir!

Sokoer, bab poenika Mas Loerah Grabag lan sakoekoebanipoen sampoen roemaos.

Hara poenapa lidok atoeipoen Andaja?

Boten!

Bebaja saged mbekta kamoeljan, samangsa . . . . . boten kasesa soedok silira.

Ing réhné, ing dinten panjeratipoen karangan poenika pangandikanipoen saodera ès-ès-dé-ha dèrèng sampoen, mila atoe koela inggih damar mantjoeng tjinoepet samanten roemijin. A.

### RA'IAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

Saking P. S. Atmosoedarma. (Sambetipoen Sw. Tm. no. 16).

### Ngitjalaken pétangan, noewoeh-aken risaking tijang gegrija.

Para sadèrèk. Risaking panggesangan poenika pandjang sanget boentoetipoen, malah jèn dipoenontjèki badé boten rampoeng ing wekdal sawoelan. Jèn kadamel boeko, saged oegi sami agengipoen kalijan boeko tjarijos 1001 daloe.

Margi katempoeuh déning risaking panggesangan, ingkang katah boten pétoeng, boten nganggé taker toew boten mawi oekoeran. Saking djoedegipoen, katah ingkang trijos: „Wong doewé blandja teka nganggo ditjati, digawé verantwoording, diétoeng leboe-metoenè dewit barang. Sanadjan diétoeng sadina ping pitoe pisan, jèn takdiré doeroeng soegih, ja isih soegih oetang bé.”

Lo, makaten oedjaripoen tijang ingkang sampoen bingoeng. Tijang ingkang sampoen bingoeng, gampil sanget anggenipoen tjoeitje arta, gampil sanget anggenipoen ngedalaken arta, boten kanalar, boten kamanah, poenapa kekantoenanipoen badé njekapi sawoelan poenapa boten. Mangka loegoenipoen ingkang andrawasi poenika, medaling arta ingkang mbaka sekedik. Mila boten kirang tijang ingkang sambat: „Lo, doewitkoe kok oewis entèk, roemangsakoe doeroeng blandja apa-apa teka kari setitik. Ana ingendi, ja iboeré? Kowé sing ndjoepoek ja.”

Lo, teka andakwa tijang ingkang boten soemerep bongkot-boentoeipoen. La wong wiwit tanggal 1 nembé ketingal wonten grija, teka ingkang boten ngertos poenapa-poenapa dipendakwa: La, wasana ngwontenaken paben kalijan tijang ingkang boten ngertos poenapa? Saking bingoengipoen bab anggenipoen ngobètakten arta, dipoen-djérag-djèrèng tansah boteng njekapi, ladjeng toekoel gagasanipoen nglampahi sadaja karojalan ingkang

mawi aksara „M”. Saben dinten tansah ngloeoer, tansah késah saking grija, tansah pados panggènan ingkang sakinten adamel senenging manahipoen pijambak. Woesana remen main oepaminipoen. Saben dinten boten wonten sanès kertoe ingkang dipoenling-ilingi. Bibar saking kantor oetawi pamoelangan, teroes taroeng, ngantos éndjing djam 7. Saking papan permainan teroes mangkat njamboet damel. Kadospoendi badé kawontenaning padamelanipoen, ingatasipoen badan sajah, mripat ngantoe. Éwadéné, bibar padamelan inggih meksa lirik-lirik pados mengsah. Dados ngantoekipoen poenika namoeng sadangoenipoen wonten padamelan. Jèn sampoen bibar padamelan, ladjeng djenggirart kemoetan kekoedanganipoen jèn dipoenemoetaken, wangsoelanipoen: „Wong main kok dilarangi, diélikaké barang. Déné si Anoe kaé, ora main, ja mlarat, ja soegih oetang Mlarat? jèn wis warég olèhé main, karoean djenengé.”

Sampoen ingkang bibar padamelan, malah noedjoe bibar gadjihan, teroes taroeng wonten ing saenggen-enggèn. Ingkang èstri ngentoes-entosi, meksa boten ketinal wangsoel-wangsoel, ngantos kengkenan anakipoen kapoerih metoek. Poeroen wangsoel, sareng sak-ipoen sampoen goesis, telas-telas. Doemoegi grija paben. Tijang-tijang ingkang gadah kaperloean nagih sampoen réntèp ngentosi wonten pendapi. O, ngeres sanget soemerep lelampahan ingkang kados mekaten!

Rèhné wonten ing grija tansah dipoenoeing-oering, tansah dipoenoeing oengelaken déning ingkang èstri, ladjeng boten djenak. La, nasak-nasak, nasar-nasar boten kanten-kantenan. Wangsoel doemoegi grija sampoen ambekta sesakit warniwarni. Sabibaripoen poenika, manah tansah boten djendjem, la, ladjeng nékad medal tékadipoen ingkang awon. Gloedag, nelasaken . . . arta negari. Tijjèt, let dinten dipoenèrèkaken . . . poelisi. Bleng, mlebet ing . . . boewi.

Jèn sampoen samanten, nembé kraos lan roemaos kalepatanipoen. Woesana senggroek-senggroek kemoetan dateng anak-sémah.

Kotjapa ingkang wonten grija, boten dosa boten poenapa, kapoerih nandang sangsara, nandang wirang ingkang boten èntèng sanggenipoen. Kiwa-tengen, sanak-sadèrèk, kadang-mitra, sadaja kawanoehan sami noetoe: „Ho, la wong kaé, mesti baé, oerip emprah-emprahan, nékad baé.” Sadaja sami maiben, boten wonten ingkang ladjeng kemoetan ageng ipoen poeroen soeka piteloengan oetawi gadah welas kados nalika dèrèng manggih sangsara.

## - V A R I A -

(Sadjawining tanggèlan Redactie.)

### KOK „NGEMBANG PATJÉ.”

Koela maos karanganipoen sadèrèk **Patricius** ing Sw. Tm. no. 16 tanggal 17 April 1931, asesirah Kabar saking Betawi, ingkang soeraosipoen toemandoek dateng pakempalan R.K.D.B., gegajoetan kalijan dinten taonanipoen pakempalan.

Heeeeeeeemmmm . . . !!! Teka goemoen sanget koela, ing ngatasipoen sadèrèk **Patricius** waoe boten naté magepokan (sesrawoengan) kalijan sadèrèk Katoelik Djawi ing Djakarta, \*) langkoeng-langkoeng kalijan pakempalan R.K.D.B., kok saged-sagedipoen njritakaken kawontenanipoen pahargjan R.K.D.B. Sasomerep koela sadèrèk **Patricius** waoe sadangoenipoen R.K.D.B. madeg ngantos oemoer setaean, saweg sapisan pijambakipoen toemot pakempalan (*bijwonen de ver-*

*gadering*). Inggih leres pijambakipoen waoe katiadet dados warga, nanging babar pisan boten netepi koewadjanipoen warga.

Sadangoenipoen R. K. D. B. ngawontenaken Triduüm, sadèrèk **Patricius** waoe inggih namoeng **sapisan** anggenipoen ndèrèk woelangan Triduüm, saladjengipoen, ladjeng boten katingal woedjoedipoen. La kok saged réka-réka damel correspondentie.

Sarèhning karanganipoen sadèrèk **Patricius** boten tjoendoe kalijan kawontenanipoen, kadosta: „Sadèrèk **Katoelik Djawi ing Djakarta pating slebar, kerep boten kopèn, kirang teda, siram lan raboekipoen enz. enz.; saenipoen kaklempakaken ti-gang dinten.**” Poenika mrajihani bilih sadèrèk **Patricius** waoe boten naté njipati kawontenanipoen sadèrèk Katoelik Djawi ing Djakarta.

Saking wawasan koela karanganipoen sadèrèk **Patricius** waoe, soeng-sang sarak anggenipoen ngrakit, boten mantra-mantra babar pisan karanganipoen . . . . . (**Djaré Correspondent?**). Milanipoen inggih ngembang patjé alijas njrewètèh.

Eman sanget kok karangan njrewètèh dipoenparat wonten ing madyaning serat kabar kita Sw. T., ingkang pantjenipoen boten pantes babar pisan kawaos ing ngakatah djalaran saking anggenipoen **ngembang patjé**. Pantjenipoen serat kabar poenika waoe kedah ngewrat pakabaran ingkang sedjati soepados boten tjamah.\*\*)

Kalijan malih sadèrèk **Patricius** njarijosaken: „Goeroe-goeroe **Mélania** pekoedjian **galik-galik**, prijantoean **kakoeng** mirengaken.” Mangka kita (sadèrèk kakoeng) anggenipoen ndèrèk woelangan Triduüm poenika boten namoeng badé mirengaken pepoedjian kémawon, ingkang perloe toer nomer satoenggal anggenipoen badé nampi piwoelangan, koela boten mangertos manawi kanggenipoen sadèrèk **Patricius???**

Sampoen semanten kémawon. Pangrèh R. K. D. B. Radèn Pk. Baskoel Djojomangoenpati.

\*) boten Djakarta. — Ph. B.

\*\*) Noot. Milanipoen Redactie poeroen matjak karanganipoen **Patricius**: „Kabar saking Betawi” kaseboet, awit kala kita nampi, boten wonten boektinipoen, jèn karangan waoe „njrewètèh.” Malah doemoegi sapoenika oegi kados inggih taksih dèrèng kantenan, poenapa mila pantjen „njrewètèh” sajekfos. Makaten kateringipoen prakawis ingkang magepokan kalijan kita. Redaksi Sw. Tm.

### GOEROE DOESOEN MISSIE SOLO.

Kala P. K. W. damel parepatan ageng-agengan wonten ing Solo, K.W. Blitar gadah oesoel, soepados saben goeroe doesoen missie nggadahan pakempalan pijambak-pijambak, katoentoen salah satoeng-giling Mantri Goeroe. Oesoel poenika saéstoe nggoegah manahipoen para goeroe doesoen bawah Soerakarta. Sadèrèk koela goeroe doesoen ingkang sepoeh pijambak, ladjeng ngadeg mak njat, adjak-adjak kantjanipoen.

Ajo énggal ditandangi, adja moeng énak-énakan main antoek baé; galo wis ana sing noedingi. Hara ora isin kowé. Karo manèh atasé woès kemandjoer nembong karo Rama Versteeg, lan oega kapareng, mengkonono oega Heer Martasoedarma bakal karsa noentoen.

Mireng tetemoengan ing nginggil, manah koela makplong. Kados jèn mentas wahing. Pantjen sampoen dangoe anggen koela gadah batos kados ngaten poenika; nanging namoeng mandeg ing batos tok. Mila wangsoelan koela tjekak aos: acc kwadrat banget mas. Soek kapan mas? Wangsoelan: Soek Ngahad moempoeng isih toenggal moeda.

\* \* \*

Sareng sampoen njandak dinten Ngahad 12-4-'31 koela dalah kantjakantja sami mrelokaken dateng kita. Bakda 3e mis saéstoe ngwontenaken pepanggihan manggen ing dalemipoen H. Martasoedarma. Ingkang rawoeh sadèrèk enem ékan. Parepatan badé kabikak, kasoepèn dèrèng sarapan—ladjeng kaparingan sarapan satoewoekipoen. Bakda sarapan teroes kabikak mawi tatanan Katoelik.

Inggih karembag.

I. Kaprijé nggonkoe golèk moerid.

II. Njaèkaken: Kwartaalstaat lan absnja.

III. Njaèkaken Rantjangan.

IV. Ngrembag woelangan.

Sadaja waoe kateangan déning pandjengnipoen ki raka kamas Martasoedarma, ing saterang-terangipoen; prakawis ingkang peteng-peteng lan ingkang angèl-angèl saged gamblang ing dinten poenika. Rampoeng 4 bab nginggil, ladjeng ngwontenaken pitakènan katah, koela boten apal ingkang preloe.

Parepatan katetepaken manggen ing dalemipoen Mener Dasmoriki. Saben Ngahad kapisan dipoenwonteni parepatan, ngiras schoolvergadering. Mila boten milih Ngahad ping 4 oet, ping 3 djalaran, Ngahad 2 poenika Nhadah: zak botol. Djam 12,30 rampoeng. Ngloehoeraken asma Dalem Pangéran, mesti.

Mangga sadèrèk golongan koela ingkang dèrèng nggadahi pakempalan. Poenapa pandjengnan boten badé kepénng. Ageng sanget wohing kempalan kaseboet. Oeger pandjengnan sadaja kersa, badé wonten ingkang mitoeloengi. Tjekak: madeg lan boten, goemantoeing karsa pandjengnan sadaja. Sbn. Banjoedana.

### MANTJA NEGARI.

AMERIKA SARIKAT. *Sémahing millioenair njoeroeng kèsèran.*

Randanipoen millioenair Hammerstein ing Amerika sapoenika dados tijang sadé sajoeran lan boeah-boeahan. Hammerstein poenika soewoenipoen ingkang nggadahi pabrik-pabrik Manhattan ageng ing New-York. Dados brajat Hammerstein boten nama keslempit. Sapoenika tilas sémah millioenair waoe mider-mider njoeroeng kèsèran isi sajoeran lan boeah-boeahan, oeroet margi-margi ramé ing kita Nie-York, kanti nenawèkaken sadajanipoen. Pijambakipoen saweg oemoer 47 taen. Sabar lan soemarah anggenipoen nglampahi sangsaraniipoen. Mesti kémawon lelampahan kados mekaten poenika damel tjingaking ngakatah; tijang mila boten baènbèh! Mesti kémawon sang journalist inggih boten poeroen kantoen anggenipoen ngoeroes dateng sebabebabipoen. Lan dèrèng lami randa waoe inggih sampoen trijos dateng satoenggiling journalist makaten: „Njamboet damel poenika rak boten wonten awonipoen, ta! Koela sampoen boten gadah jatra sak-sèn-sak-sèna kémawon. Ing soewaoe koela inggih taksih gadah jatra sekedik; nanging dipoentelastaken wonten ing beurs déning tijang ingkang tjrijosipoen badé noeloengi. Pendamelan sanès koela boten saged; dados koela inggih boten saged pados teda medal margi sanès.” Boten isinan kados makaten poenika matoek sanget!

Taen 1919. Oscar Hammerstein pedjah. Tilaranipoen kanggé oedreg-oedregan ramé. Ingkang èstri inggih angsal tilaran, nanging boten watawis lami ladjeng telas: satoenggiling graaf asli saking Roeslan margi saking akalipoen, sampoen saged ngrowok katah; wonten ing beurs randa waoe kerep kawon katah; lan ihtjari ipoen kanggé ngladjengaken pendamelanipoen ingkang djalar sami mlèsèt. Lan tetapanipoen failit radi bledjogan.

### PALESTINA.

Rèkanipoen bangsa Ara bamboycot bangsa Jahoedi. Ing Sw. Tm. no. 16 sampoen kawatrosaken jèn bangsa Arab badé amboycot bangsa Jahoedi sasaged-sagedipoen. Sapoenikanipoen commissie pamboycotan sampoen ngondangaken, soepados tijang Arab jèn badé toembas dateng tijang Jahoedi, namoeng toem-basa siti kémawon, barang sanèsipoen boten kénging. Nanging kénging njadé poenapa-poenapa dateng tijang Jahoedi; namoeng siti boten kénging.

INGGRIS. *Pamanggihipoen toemrap bedamèn Djerman—Oostenrijk.*

Tjalon bedamenipoen Djerman kalijan Oostenrijk babagan béja palaboehan inggih dados rembag wonten parlement Inggris. Sasampoenipoen kamanah pandjang, minister Buitenlandsche Zaken Arthur Henderson anetepaken bilih prakawis tjalon roekoenipoen prajaja kakalih waoe babagan béja palaboehan, mila dados laladaning rembag ing Volkenbond. Djerman kalijan Oostenrijk dipoenèngtèken sampoen ngantos seling serep margi pokalipoen andadosaken boten djendjemipoen nagari pinten-pinten ing Éropah, langkoeng-langkoeng nagari Parangakik. Sanadjan bokmanawi wonten nalar warni-warni prakawis leresing tjalon bedamèn waoe, éwadéné lekas makaten ananangi goemaregahing raos nawoeng prihatos, sarta mesti kémawon badé adamel rekaoeing rembag wonten salebeting Ontwapeningsconferentie ingkang badé kalampahan. Minister waoe angèntaken soepados sadèrèngipoen Djerman kalijan Oostenrijk anindakaken rantjanganing bedamèn, kénginga Volkenbond analiti roemijin, poenapa ingkang makaten waoe boten njelajani kalijan pradjangdjian? Manoe pratélanipoen Briand, paréntah Frankrijk njaroedjoeki sanget pamanggihipoen Minister Buitenlandsche Zaken ing Inggris.

Saking Oostenrijk Inggris pikantoe kawangsoelan bilih lekasipoen Oostenrijk poenika boten njelajani pradjangdjian taen 1922. Éwadéné lega kémawon manawi tjalon lekasipoen nagari kalih waoe dipoenasatitèkaken. Samanten oegi Djerman inggih mangsoeli kados Oostenrijk. Nanging Djerman boten poeroen manawi Volkenbondsraad anitipriksa prakawis waoe adadasar politik, amargi roeroekoenan poenika namoeng mligi prakawis ékonomi Djerman anotjogi kadjengipoen Inggris ingkang soeraosipoen sadèrèngipoen roekoenan waoe katindakaké Volkenbond kedah niti priksa roemijin kénging poenapa boten wonten pradjangdjian kados makaten. Kadjawi poenika amratèlakaken bilih toemindaking roeroekoenan waoe taksih kalih oet. tigang woelan ingkas.

Makaten menggah pamanggihipoen Inggris. Kala angrembag poenika, ing Lagerhuis warganipoen pepak, tetijang ingkang nengganing inggih katah sanget.

### CORRESPONDENTIE.

D. S. Teoneow; *Anggana; Analyse BE; M. D. N.; Widjanta; Md. Mt.* Redaksi matoer noewoen ing paringipoen soembang karangan. Namoeing kémawon „Pamawas sekedik” boten badé medali, margi boten badé angsal damel (Cf. Sw. Tm. sapoenika); makaten oegi „Weroeh-weda-wanda,” margi Sw. Tm. poenika déde wakblad. „Sampoen ketjelik” pantjen tjiespleng, nanging dèrèng matoek jèn kapatjaka. Déné sanèsipoen inggih dèrèng saged kapatjak margi poenapan boten kobèt. Sampoen dados panggalih.

Red. Sw. Tm.

A. Dirdja, *Banjoedana*: pandjengnan kita étang wiwit kwartaal kaping kalih kémawon. Prakawis nama, poenika lepatang pangetjap. Karsa njrantosaken roemijin. Sampoen kirang pangapoenten.

Adm. Sw. Tm.

teka radi moejeg: Gladiool dados priwaat docent Inggris, Sastraprattédjian dados sinjoro Esperatè, tijang sanès alok basa Italiano.

Bab R. K. D. B., koela namoeng mireng-mireng kémawon, bestuuripoen sapoenika katingal bérag? ang-grengseng! Sokoer, koela memoedji angka satoengal énggala dados K. W.

Soeh! Poenika perloe. Tanpa soeh kita boten saged tetebeh lan sesapoe.—Nanging, angger sampoen ngantos kados K.W. ing Poerwrjd., lid-lid taksih katah, pating begegeg, djeboel soekmanipoen sampoen nglajang.—Memelas! Lo, makaten poenika koela soemerep, margi dipoenkabari mas rara . . . . . ing kita waoe.

O, taksih wonten malih: Bata-viaansch Verkeer Maatschappij saja ngamoek. Woelan September 1930 ngijoe Bataviaansche Tram Maatschappij (tram electrisch), taen 1931, wiwit woelan Januari nglélang Niao (Ned. Ind. autobus onder-neming). Dados wiwit 1. Jan. 1931 poenika B. N. M. ndepani sakita

Betawi dalah Meester-Cornelis.

### Bab bioscoop?

Ing Soerakarta margi wonten modèl film gineman, andjalari pedjahipoen Bioscoop Pasar Pon. Ing Betawi—Meester boten makaten. Sanadjan wonten film gineman, bioscoop 14 panggah, lan watawis 4 ingkang taksih tetep: „mbisoe,” sanèsipoen, sadaja sampoen sami moesikan lan bengak-bengok mawi dajaning electrisch. Ateges pedjahipoen strijkorkest lan Jazz Band!

### Bab pamoelangan.

Melanascholèn moeridipoen saja kebak. Standaardschool, ingkang nalika woelan April '30 kabikak, sapoenika sampoen angsal pasitèn. Van Lith-school, ingkang pinten-pinten taen njéwa kémawon: sampoen-toembas pasitèn sagrijanipoen.

Poenika ringkesan kabar Betawi sawontenipoen, tanpa nggepok bab: pergerakan lan pakempalan. Sanès dinten jèn saged ngatoeraken palapoeran kawontenanipoen Pasoendan, Kaoem Betawi oetawi

Tirtojoso (pakempalanipoen kaoem Banten).

Pasoendan poenika saminipoen Boedioetomo, sedyanipoen badé ngad-jengaken cultuur Soenda; mila jèn kempalan basanipoen inggih Soenda. (? Red.) Roemijin golongan Bantenan oegi sami dados warga Pasoendan. Dangoe-dangoe réhné wonten Pasoendan betahipoen sadèrèk Banten kirang katengen, ladjeng madeg pijambak, nama: Tirtojoso, pangémoet-émoet bèntèng Banten ingkang peng-pengan. Margi wontenipoen Tirtojoso, Pasoendan boten pedjah, nanging malah saja ageng. Awit ladjeng njentosani propogandanipoen, Tjirebon, Tasikmalaja, Soekaboemi, boten let dangoe gadah tjabang Pasoendan. Soewaoe . . . . . kendo.

Mila oepami, . . . . . oepami pers kita Katholiek, kala-kala asring djiwat-djiwitan pijambakan, poenika saged oegi boten mitoenani, nanging malah ngrikatakten lampah. Saminipoen laré kekletoes lombok, djerit-djerit, nanging boten let dangoe nedanipoen katingal sengkoet. Kados déné Pasoendan katilar kaoem

Banten, boten pedjah, kalih-kalihipoen malah teroes widada. Mentas kémawon Tirtojoso damel kongres, woelan poenika Pasoendan noetoeti

oegi damel kongres. Tirtojoso wonten Serang, Pasoendan wonten Bogor,

Patricius.

## Retrèt kanggé wanita.

Papan: wonten ing wihara Zusters Franciscanessen  
Mendoet.

Tapoekipoen : 1 Djoeni '31, sonten.

Rampoengipoen : tanggal 5 Djoeni éndjing.

Waragad : f 3,— (tigang roepijah).

Basa: Djawi.

Ingkang ngarsakaken toemoet, soepados pratéla dateng Pangagenging Internaat Mendoet, kasèp-kasèpipoen doemoegi tanggal 20 Mèi 1931.

MOEDER ODRADA.